O`zbekstan Respublikası Xalıq Ta`limi Ministrligi

A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı

Ta`biyattanıw ha`m geografiya fakul`teti

«Geografiya ha`m ekonomikalıq bilim tiykarları» kafedrası

«Geografiya ha`m ekonomikalıq bilim tiykarları» qa`nigeliginin` 4 «a» kurs studenti

Saparbaev Ruslan Turdibaevichtın`

«Kishi biznes sub`ektlerinde finans qarjıların basqarıwdı sho`lkemlestiriw jolları» temasındag`ı bakalavr

# *PİTKERİW QA`NİGELİK JUMISI*

İlimiy basshı: dots. e.i.k. Turebekov A.

Kafedra baslıgı: dots. p.i.k.Gaypova R.

No`kis - 2013

Mazmunı:

Kirisiw ______________________________________________3

I-BAP Bazar ekonomikası sha`rayatında kishi biznes sub`ektlerinde finanslıq qarjılardı basqarıwdı sho`lkemlestiriw tiykarları

1.1 Kishi biznes sub`ektlerinde finanslıq qarjılardı basqarıwdın` sho`lkemlestiriwdin` metodikalıq tiykarlarının` rawajlanıwı ________________5

1.2 Kishi biznes sub`ektlerinde finanslıq qarjılardı basqarıwdı sho`lkemlestiriwdin` za`ru`rligi ha`m printsipleri _____________________9

II-BAP Kishi biznes sub`ektlerinde finanslıq qarjılardı basqarıwdı sho`lkemlestiriwdin` ekonomikalıq mexanizmi

2.1 Kishi biznes sub`ektlerinde finanslıq qarjılardı basqarıwdın` sho`lkemlestiriwshilik du`zilisi _________________________________14

2.2 Kishi biznes sub`ektlerinin` finanslıq qarjılarının` sho`lkemlestiriwshi-ekonomikalıq ko`rsetkishi ha`m olardın` analizi ________________________24

Juwmaqlaw _________________________________________56

Paydalanılg`an a`debiyatlar ___________________________59

Kirisiw

***Temanın` aktuallıg`ı.*** Ha`r bir ma`mlekette, sonın` ishinde O`zbekstan Respublikasında ekonomikanı ko`teriwde ha`m islep shıg`arıw ka`rxanaların rawajlandırıwda finanslıq qarjıları a`hmiyeti ayrıqsha bolıp rol` atqaradı.

Solay eken, bazar ekonomikası sha`rayatında kishi biznes sub`ektlerinin` aktivligi qanday jag`dayda bolıwı ha`m rawajlanıwı o`zine baylanıslı, yag`nıy ha`r bir ka`rxana qanday o`nim islep shıg`arıw, qanday bahalarda satıwdı ha`mde kimge satıwdı o`zi sheshedi. Ha`zirgi zaman a`meliyatı sonı ko`rsetedi, kishi biznes sub`ektlerinin` rawajlanıp barıwı ka`rxananın` finanslıq jumısına jeterli da`rejede itibar qaratıwdı talap etpekte, sebebi ka`rxananın` jumıs ko`rsetkishi payda alıwı za`ru`r. Ka`rxana o`z qa`rejetlerin materiallıq-ruwxıy resurslarg`a iye bolıwı ushın ha`zirgi bazar ekonomikası sharayatında jan`a dereklerdi izlep tapqan jag`dayda bar resurslardı ekonomikalıq na`tiyjeli tarawlarg`a bag`darlawı za`ru`r. Bunnan tısqarı ruwxıy resurslardı sho`lkemlestiriw dereklerin na`tiyjeli paydalanıwı tiyis. Bul aytıp o`tilgen pikirlerdin` ba`rshesi kishi biznes sub`ektlerinde finanslıq qarjıların basqarıwdı sho`lkemlestiriw tiykarların u`yreniwdin` aktuallıg`ın ta`riypleydi.

***İzertlewdin` maqseti*** ha`zirgi bazar ekonomikası sharayatında kishi biznes sub`ektlerinde finanslıq resurslardı basqarıwdı sho`lkemlestiriwdi ha`m olardın` na`tiyjeliligin asırıwdın` tu`rlerin jaratıw ha`mde finanslıq rusurslardı qadag`alawdı sho`lkemlestiriwden ibarat.

Sonın` menen birge ka`rxana finanslıq resursların ha`zirgi zaman a`meliyatın sho`lkemlestiriw ha`m olardan paydalanıw mashqalaların anıqlaw ha`mde olardı jetilistiriw ma`selelerin ko`rsetip beriw de a`hmiyetli bolıp esaplanadı.

***İzertlewdin` wazıypaları***. Joqarıdag`ı maqsetlerden izertlewdin` to`mendegi wazıypaları kelip shıg`adı. Paydanın` qa`liplesiwi, bo`listiriliwi ha`m isletiliwi sonın` menen bir qatar olardı qadag`alap barıw bolıp esaplanadı.

***İzertlewdin` predmeti*** sıpatında kishi biznes sub`ektlerinde finanslıq na`tiyjelerdi qa`liplestiriw ha`m qa`liplesken finanslıq na`tiyjelerdi bo`listiriw ha`m qayta bo`listiriw quralındag`ı pul qatnasıqları tu`siniledi.

***İzertlewdin` ob`ekti.*** Ma`lim bolg`anınday ha`r qanday izleniwlerdin` ob`ekti barlıg`ınan kelip shıqqan xalda bizin` u`yrenip atırg`an ob`ekt sıpatında Qaraqalpaqstan Respublikasının` kishi biznes sub`ektleri tan`lang`an.

## I-BAP Bazar ekonomikası sha`rayatında kishi biznes sub`ektlerinde finanslıq qarjılardı basqarıwdı sho`lkemlestiriw tiykarları

### 1.1 Kishi biznes sub`ektlerinde finanslıq qarjılardı basqarıwdın` sho`lkemlestiriwdin` metodikalıq tiykarlarının` rawajlanıwı

Ja`miyette ekonomikanı rawajlandırıw pul qarjıların talap qıladı. Pul resursların payda etiw, olardı ja`mlew, bo`listiriw ha`m paydalanıwdan payda bolatug`ın ekonomikalıq qatnasıqlar finans dep ataladı.

Tu`rli mulkshilik tu`rdegi isbilermenlik isbilermenlerdin`, isbilermen shaxslardın` finansı finanslıq diziminin` bir bo`limi bolıp jalpı ishki o`nimnin` payda bolıwı, bo`listiriw ha`m qayta bo`listiriw protsesslerin o`z ishine aladı.

Bazar ekonomikası sharayatında ka`rxanalar finanslıq aktivliginin` mazmunına emes, ba`lki olardın` wazıypalarına dus keldi. Bizin` pikirimizshe ka`rxanalar finanslıq aktivligi tu`sinigi tar ha`m ken` ma`nide ta`riyplew mu`mkin. Tar ma`niste ka`rxanalar finanslıq aktivligi jeke alıng`an kishi ka`rxana, menshik firma yamasa isbilermenliktin` basqa tu`rleri finanslıq aktivliginen ibarat. Bul ma`niste ka`rxanalar finanslıq aktivligi tu`sinigi ka`rxanalar finanslıq aktivligi, menshik firmalar finanslıq aktivligi ha`m basqa tu`sinikler menen bir tu`rde mazmundı ta`riypleydi.

Ka`rxanalar ken` ma`niste finanslıq aktivligi tu`sinigi sotsiallıq ta`kirar islep shıg`arıwdın` tu`rli tarawdag`ı aktivlilik ko`rsetken, bir-biri menen tıg`ız baylanıs bolg`an ka`rxanalar, ka`rxanalardın` finanslıq aktivligin ta`riyipleydi. Bul na`rse anıq tu`sinikli ka`rxanalar finanslıq aktivligi tiykarın sho`lkemlestiriwshi ekonomikalıq qatnasıqlardın` mazmunı haqqında tu`sinikke iye bolmay turıp ka`rxanalar finanslıq menejment tiykarların sho`lkemlestiriw haqqında pikir aytıp bolmaydı.

Bizin` pikirimizshe ka`rxanalar finanslıq qatnasıqları quramına qayta islep shıg`arıw qatnasıwshıları ortasında ju`zege keletug`ın to`mendegi pul qatnasıqları kiredi:

1. Ka`rxanalar dizimindegi tu`rli mu`lk tu`rlerine tiykarlang`an islep shıg`arıwdı payda etiw ha`m basqarıw tu`rleri ortasında tu`rli pul fondları ha`m da`ramadlardın` payda bolıwı, bo`listiriliwi ha`m isleniwi ju`zesinen qatnasıqlar: ka`rxanalar islep shıg`arıw fondlarının` oborot aylanıwın ta`miyinlew ha`m qayta islep shıg`arıwdag`ı qatnasıqlar; ka`rxana ha`m onın` xızmetkerleri ortasındag`ı miynetke haqı to`lew fondının` tu`rleniwi, premiya ha`m xoshametlew fondların payda etiw, jumsaw protsessindegi qatnasıqlar ha`mde ken`eyittirilgen qayta islep shıg`arıw qa`rejetlerin finans penen ta`miyinlew ushın qımbat bahalı qag`azlar shıg`arıw menen baylanıslı operatsiyalar.

2. Ka`rxanalar ha`m olardın` tu`rli birlespeleri ortasındag`ı qatnasıqlar; oraylasqan pul fondlarının` payda bolıwı ha`m jumsalıwı protsessindegi pul qatnasıqları; kapital qoyılmalar, kapital remonttı qarjı menen ta`miyinlew paydanın` qayta bo`listiriliwi ha`m basqa finanslıq resurslardın` tu`rleniwi ha`m jumsalıwı menen baylanıslı.

3. Ka`rxanalar ha`m ma`mleket ortasındag`ı qatnasıqlar:

- ma`mleket ha`m tiyisli mekemeler ta`repinen finanslıq ma`selelerdi ta`rtipke salıw;

- ma`mleket byudjetine to`lemler ha`m salıqlardı, qamsızlandırıw to`lemlerin to`lewdegi;

- kapital qoyılmalardı finans penen ta`miyinlew, innovatsiya aktivlikti qoshametlew;

- ka`rxanag`a ma`mleket a`hmiytindegi jeke reje boyınsha nızamda ko`rsetilgen maqsetlerge dotatsiya (yaki subsidiya) beriwdegi ha`m basqalar.

4. Ka`rxanalar ha`m sawda bankleri ortasındıg`ı qatnasıqlar:

5. Ka`rxana ha`m ka`siplik awqamları ortasındag`ı qatnasıqlar: sotsiallıq qamsızlandırıw qarjılar ajıratıw protsessindegi; ka`rxana ta`repinen jollanbalar satıp alıw protsessindegi qatnasıqlar. Bunı jeke aytıp o`tiw kerek, bazar qatnasıqları rawajlanıp barıwı menen, ka`rxanalar finans qatnasıqlarının` quramı ha`m ja`ne de o`zgerip baradı.

Sonın` ushın ka`rxanalar rawajlanıwı protsessinde onın` finanslıq aktivligi quramlı bo`limdegi o`zgerislerdi ta`biyiy bir tu`r sıpatında qaraw kerek. Ka`rxanalar rawajlanıwı ha`m finans qatnasıqlarının` tu`rleniwi o`z-ara baylanıslı mashqalalardan esaplanadı.

Ekonomikanın` tu`rli mu`lk ha`m xojalıq ju`ritiw tu`rlerinen ken` paydalanıwg`a o`tiwi, menshik isbilermenlik ha`m kishi biznestin` rawajlanıwı menen finans qatnasıqları ha`m bazar talapları tiykarında rawajlanıwı ushın a`hmiyetli tu`rtki boldı. Sonın` menen birge finans qatnasıqları kishi biznes rawajlanıwın xoshametlewdin` a`hmiyetli richaglarına iye bolıp esaplanadı. Bul na`rse bolsa, sonın` menen baylanıslı ka`rxanalar dizimi ishinde jetilisken bo`listiriw diziminin` jaratılıwı na`tiyjesinde oraylasqan ha`m rezerv fondlarının` payda bolıwı arqalı ken`eyttirilgen qayta islep shıg`arıw imkaniyatlarının` ja`nede bekkemleniwine erisiwi ha`mde tu`rli salıq jen`illiklerinin` qollanılıwı maqsetinde ka`rxanalar kelesi rawajlanıw ushın qolay ekonomikalıq sharayatlar jaratıladı.

Ha`zirgi waqıtta kishi biznesti rawajlandırıw Respublikada duziliwdin en` bir tiykarg`ı bag`darı boldı. Kishi biznesti rawajlandırıw ekonomikalıq potentsialdı jaqsı paydalanıwg`a mu`mkinshilik beretug`ının biykarlawg`a bolmaydı.

Kandayda bir jag`dayda xojalıq strukturaların byurokratizatsiya ha`m qatıp qalıwdan saqlaydı, tez o`zgeriwshi sırtqı ha`m ishki jag`daylarg`a olardın` iykemligi ha`m qolaylasıwın joqarılatadı.

Joqarıdag`ı maksetlerge erisiw ushın jan`a kishi ha`m orta ka`rxanalardı qurıwg`a, xoshametlewge bag`darlang`an, ha`rekettegilerdin` na`tiyjeliligin ko`teriw, o`ndirislik ha`reket tu`rlerin ken`eytiw ta`repine ha`m qolaylı isbilermenlik qatlamın yamasa klimatın qurıwda strukturalıq qurılıwdı a`melge asırıwda usıllar kompleksin a`melge asırıw kerek:

- kishi ha`m orta isbilermenlikti kollap-kuwatlawda finans-kreditlik sistemanı jetilistiriw, kreditlik resurslar ha`m investitsiyalardan paydalanıwdı ken`eytiw;

- kishi ha`m orta biznes ka`rxanaların qurıw ha`m ha`reketinin` normativlik huquqlıq bazasın jetilistiriw;

- kotere sauda sistemasın rawajlandırıw, kishi ha`m orta isbilermenlik sub`ektlerinin` shiyki zatlarg`a, u`skenelerge, texnologiyalarg`a , awısıq bo`leklerge mu`mkinshiligin ken`eytiw;

- kishi ha`m orta biznes ka`rxanaların qurıw ha`m olar ushın kadrlardı tayarlaw, kayta tayarlaw ha`m ta`jiriybesin ko`teriw sistemasın rawajlandırıw;

- olardın` ha`reketinin` uchetı ha`m analiz ko`rsetkishler sistemasın jetilistiriw.

Kishi ha`m orta biznes ka`rxanalarına xızmet ko`rsetiwdi jetilistiriw ushın birja ta`repinen usınılatug`ın xızmetlerin differentsiyalaw ha`m diversifikatsiyalaw menen birja ha`reketlerin jetilistiriw za`rur, birjalıq ha`m yarmarkalıq sawdanın` nızamlıq ha`m normativlik huquqıy bazasın jetilistiriw.

Respublikamız ekonomikasındag`ı reformalardı a`melge asırıwdag`ı baslı rollerdin` biri kishi ha`m orta biznesti rawajlandırıw atqaradı ha`m bunın` na`tiyjesinde menshik iyeleri klassı du`ziledi. Olar o`z-o`zinen ilimiy texnikalıq progressti tezletiwge jan`a texnologiyalardı a`melge asırıwg`a tezirek alıp keledi.

Son`g`ı jılları respublikamızdın` ekonomikasın rawajlandırıwda baslı bag`dar etip, kishi ha`m orta biznestin` rolin arttırıw ha`m onın` ushın barlık mu`mkinshiliklerdi jaratıp beriw ilajların a`melge asırıw wazıypaları qolg`a alınbaqta.

Bul sub`ektlerdin` ha`reketin analizlew na`tiyjesinde to`mendegidey juwmaqqa kelemiz:

- awıl xojalıg`ı, sawda ha`m ja`miyetlik awqatlanıw tarawlarında mikrofirmalar qurılısta, kishi ha`m orta ka`rxanalar sanaatta tek orta ka`rxanalardın` xojalıq xızmetleri na`tiyjeli bolıp esaplanadı;

- eksporttın` en` jokarı o`siw pa`tleri respublikamızda mikrofirmalar ha`m kishi ka`rxanalarda baqlanbaqta;

- lizingti rawajlandırıw tiykarında zamanago`y texnika ha`m texnologiyalar bazasın du`ziw arqalı ka`rxanalardı qayta qurallandırıw, kishi ha`m orta biznesti finanslastırıwda banklerdin` qatnasın ken`eytiw; sebebi lizinglik kompaniyalardı

sho`lkemlestiriwde baslang`ısh kapital jetispeydi ha`m lizinglik xızmetler haqqında informatsiyalıq ta`miynlew boyınsha infrastrukturalar du`ziw za`rur.

Respublikamızda kishi biznesti rawajlandırıw boyınsha g`arezsizlikke eriskennen baslap ko`p ilajlar alıp barılmaqta. Onı qollap-quwatlaw ha`m nızamlı qorg`aw boyınsha bir neshe normativ hu`jjetler, nızamlar Prezident pa`rmanları, Ministrler Kabinetinin` qararları qabıl etildi.

Kreditlestiriw siyasatı aytarlıqtay o`zgertilgen, bul protsess an`satlastırıldı, mu`ddeti 30 aydan u`sh jılg`a sozıldı, sırt el valyutasına kreditlestiriwge ruxsat etildi, qaytarılıwı milliy valyutada a`melge asırılıwı mu`mkin x.t.b.

Biraq ekonomikanın` bul sektorın ele de rawajlandırıw maqsetke muwapıq. Bunın` ushın bizin` oyımızsha salıq sistemasın ele de ko`p jetilistiriw, sa`ykes infrastrukturasın rawajlandırıw jan`a u`skeneler, texnologiyalar, kadrlardı izlep tabıwdı jetilistiriw za`rur.

Solay etip, ka`rxanalar rawajlanıwı a`meldegi finans qatnasıqları diziminin` qanday da`rejede rawajlang`anlıg`ına tuwrıdan-tuwrı baylanıslı protsess bolıp esaplanadı. Bul jerdegi tiykarg`ı mashqala ka`rxanalar rawajlanıwı da`rejesi ha`m onın` bazar ekonomikası sharayatında a`mel qılıw talaplarına say xalda finanslıq menedjment tiykarların tuwrı payda ete alıw ha`mde onın` ta`sirshen`ligin ta`miynlewde bolsa kerek.

## 1.2 Kishi biznes sub`ektlerinde finanslıq qarjılardı basqarıwdı sho`lkemlestiriwdin` za`ru`rligi ha`m printsipleri

Ka`rxanalar ken`eyttirilgen sotsiallıq qayta islep shıg`arıw protsessinde 3 tiykarg`ı jumıs tu`rlerin ko`rip o`tiwimiz mu`mkin:

1. İnvestitsiyalıq aktiv. İnvestitsion aktiv na`tiyjesinde islep shıg`arıw aktivligi ushın za`ru`riy menshik ha`m qarız qa`rejetleri tu`rlendiriledi ha`m olar tiykarg`ı fondlar ha`m aylanba islep shıg`arıw investitsiya qılınadı. Demek, bunday

protsess passivlerin tu`rlendiriw ha`m olardı na`tiyjeli bag`darlarg`a qoyılma qılıw menen baylanıslı finanslıq qarar qabıl qılıw protsessi esaplanadı.

Ka`rxanalar investitsion aktivligin a`melge asırıwda islep shıg`arıw protsessin bir tegiste islewin ta`miyinlew kerek. Ma`lim bolg`anınday, xojalıq ju`rgiziw sub`ektlerinin` islep shıg`arıw fondları ha`m aylanıs fondları aylanba aylanıw payıtında tu`rleniwin o`zgertip twrıwın talap etedi. Sonın` ishinde, finanslıq resurslar pul tu`rden islep shıg`arıw (o`nimli kapital) tu`rine, son`ınan islep shıg`arıwdan tovar tu`rine ha`m aqırg`ı tovar tu`rinen investitsiyalang`an pul tu`rine o`tedi.

P-T-İS-T1-P1

Bunda islep shıg`arıwda ka`rxana ushın islep shıg`arıwdın` ekinshi shen`berlik aylanıwdın` ta`miyinleniwine ja`ne materiallıq baylıqlar, shiyki zat penen ta`miyinlew, islep shıg`arıw isshi ha`m xızmetkerlerdi is haqı menen ta`miyinlew imkaniyatı bolmay qaladı. Sonday jag`daylardan aqılg`a muwapıq ha`m na`tiyjeli shıg`ıp ketiwdin` birden bir jolı sıpatında ka`rxanalar bank uyımlarınan kredit resurslarına xabarlasıw mu`mkin.

2. Operatsion aktiv. Operatsion aktiv na`tiyjesinde islep shıg`arıw protsessi bolıp o`tedi. Bunda tovar qayta islep shıg`arıladı ha`m jan`adan tu`rlenetug`ın tovar payda boladı. Tu`rli mu`lk tu`rlerinde ha`m ekonomikanın` tu`rli tarawlarında aktiv ju`ritetug`ın ka`rxanalar finansının` o`zine ta`n qa`siyetlerinen biri ken`eyttirilgen qayta islep shıg`arıw protsessinin` dawamlılıg`ı ha`m u`zliksizligi esaplanadı jan`a operatsion aktivligine tuwrıdan-tuwrı baylanıslı boladı.

Sonın` ushın da, operatsion aktiv za`ru`riy investitsiya resursları ko`lemin anıqlaw, sonday-aq, tiykarg`ı ha`m aylanba qa`rejetlerdi tu`rlendiriw ushın shetten qa`rejetlerdi en`giziw usılları ha`m tu`rlerin belgilep beriwshi tiykarg`ı faktor esaplanadı.

3. Finanslıq aktiv. Finanslıq aktiv operatsion aktiv na`tiyjesinde qa`liplestirilgen tovarlar realizatsiya qılınadı ha`m de o`nim realizatsiyası

na`tiyjesinde tu`sim de qa`liplestiriledi. Tu`sim bo`listiriw qatnasıqlarının` tiykarg`ı ob`ekti esaplanadı ha`m finanslıq aktivliginin` baslang`ısh basqıshı esaplanadı.

Finanslıq basqarıwdın` tu`rli usılları bar. Olar boljastırıw, rejelestiriw, salıqqa tartıw, qamsızlandırıw,  kreditlestiriw, o`zi-o`zin finans ta`repinen ta`miyinlew, esap-kitap dizimi, finanslıq ja`rdem dizimleri, amortizatsiya ajratpaları dizimi sıyaqlı qatar instrumentler quralında a`melge asırıladı.

Bunnan ko`rinip turg`anınday ka`rxanalardın` barqaror ekonomikası rawajlanıwdın` na`tiyjeli payda bolıwına baylanıslı. Sonın` ushın da na`tiyjeli sho`lkemlestiriliwine baylanıslı. Bazar reformaları sharayatında xojalıq sub`ektleri ortasında ekonomikalıq qatnasıqlardı o`zine ta`n qa`siyetleri finanslıq instrumentlerden paydalanıw menen baylanıslı bolıp esaplanadı.

Ka`rxanalar, bankler, sug`urta sho`lkemleri investitsion fondlar ha`m basqa xojalıq sub`ektleri a`meliy aktivliginde finanslıq instrumentler qa`siyetleri ha`m talapların u`zliksiz ha`m barlıq waqıtta esapqa alıw na`tiyjeli qollaw, sho`lkemler finanslıq ekonomikalıq ko`rsetkishlerge ta`sirin analiz qılıw ha`m bahalaw aktuallıg`ı menen belgilenedi.

İsbilermenlik aktivligi finanslıq instrumentlerin analiz diziminde olardın` quramın qollaw maqsetleri ha`m tarawları ha`mde na`tiyjeliligin anıqlaw za`ru`r a`hmiyetke iye bolıp esaplanadı.

XX-a`sirdin` 2-yarımı ja`ha`n xojalıg`ında revolyutsion ha`m evolyutsion burılıw da`wiri boldı. Na`tiyjede ilimiy  texnikalıq rawajlanıwdın` keskin ha`wij alıwı ha`m ja`ha`n xojalıg`ı tovar islep shıg`arıwdın` keskin o`siwi ba`rshe tarawlarda bolg`anınday basqarıwdın` ilimiy kontseptsiyalarında da rawajlanıwlar bolıwına alıp keldi.

Na`tiyjede zamanago`y finanslıq menejment kontseptsiyası g`a`rezsiz tu`rlene basladı onın` tiykarg`ı mashqalası sıpatında ka`rxanalar finanslıq qatnasıqlar, pul qa`rejetlerinin` aylanıwı ishki ha`m sırtqı faktorlarının` ta`sirine tiykarlang`an xalda na`tiyjeli sho`lkemlestiriw ma`selelerin o`z ishine ala basladı.

Bazar ekonomikası xojalıq sub`ektleri arqalı qayta islep shıg`arıw protsessinde bazardag`ı talap ha`m usınıslar, anıq tutınıwshılar talapları, islep shıg`arıwshı ushın maksimal payda alıw imkaniyatın tuwdırıwshı o`nim islep shıg`arıwdı ko`zde tutadı.

Ha`zirgi waqıtta kelip basqarıwdın` bazar sha`rt-sharayatları, O`zbekstannın` ekonomikalıq keleshegi ha`m mentaliteti ushın qa`siyetli eaplanıwshı basqarıw dizimin tu`rlentiriwdi ma`mleketimizde tu`rlenip atırg`an bazar ekonomikası xalqı ushın real ekonomikalıq erkinlik bar bolıwdı na`zerde tutadı. Menedjment ka`rxanalar basqarıwının` na`tiyjeli dizimi sıpatında bunday imkaniyatlarg`a iye ekenligin tastıyıqlaydı.

O`zbekstan Respublikası sho`lkemleri ha`m ka`rxanaları sırtqı ortalıqtı u`yreniw (isbilermenlik aktivliginin`  sırtqı huqıqıy tiykarları, tovarlar, sonday-aq, xızmetler finanslıq bazarlar, bahalardı tu`rlendiriw dizimleri  ha`m buxgalteriya esabatı dizimleri) ha`m olardın` tiykarg`ı aktiv tarawların u`yreniw analizi (marketing izertlewleri**,** finanslıq menedjment, islep  shıg`arıw (o`ndiris), sonday-aq, satıw protsessleri, buxgalteriya esabı ha`m de personallardı basqarıw) sonı ko`rsetedi, ayırım ka`rxanalardın` imkaniyat da`rejesinde bunday sırtqı ortalıq o`zgerisleri na`tiyjesindegi da`stu`riy emes jan`a mashqalalardı da`stu`riy usıllar quralında o`zine ta`n aktiv tarawların sa`ykeslestiriwge ha`reket qıladı.

Finanslıq menedjmenttin` wazıypalar printsiplerin anıqlap beriwshi finanslıq basqarıwdın` o`zine ta`n 3 ta`repleri bar:

1. Finanslıq menedjment ushın finanslıq- huqıqıy sha`rt sharayatlar jaratıp beriwshi sho`lkemli ta`repleri;

2. Basqarıw qararlarının` mezonlari sıpatında aqırg`ı payda ha`m rentabellik finanslıq ko`rsetkishlerin tan`lap alıw;

3. Da`ramatlar ha`m qa`rejetler balansı arqalı ha`r qanday ekonomikalıq aktiv na`tiyjeliligin ha`miyshe qadag`alawı.

Joqarıdag`ı finanslıq menedjmenttin` 3 tiykarg`ı ta`replerine tiykarlang`an xalda sonı aytıp o`tiw kerek finanslıq menedjmenttin` na`tiyjeli aktivlik da`slep basqarıw qararlar ushın za`ru`riy xabarlar menen ta`miyinlewge tiykarlanadı.

1.2.1-keste

Finanslıq analiz ha`m rejelestiriw

| Aktivlerdi basqarıw | Balans | | kapitallardı basqarıw (passivlerdi basqarıw) |
|---|---|---|---|
| | Tiykarg`ı qural | menshik kapital | |
| | Ag`ımdag`ı aktivler | Tartılg`an kapital | |

Basqarıw diziminde basqaratug`ın dizimler ha`m basqarılatug`ın dizimler o`zine ta`n rol` oynaydı. Basqarılatug`ın dizimler o`zine ta`n ob`ektlerge iye bolıp bunday ob`ektler sıpatında ka`rxanalardın` aktivleri ha`m passivleri ko`rip o`tiledi.

Finanslıq basqarıw diziminin` ulıwmalıq ta`rizde dizimlestiriletug`ın bolsaq to`mendegi tu`rge iye boladı.

Ulıwmalıq finanslıq analiz ha`m rejelestiriw.

Ka`rxanalardı finanslıq resurslar menen ta`miyinlew (ka`rxananın` finanslıq dereklerin basqarıw).

Finanslıq resurslardı bo`listiriw (investitsion siyasat ha`m aktivlerdi basqarıw). Finanslıq xalatın sa`wlelendiriwshi esabat buxgalteriya balansı esaplanadı.

# II-BAP. Kishi biznes sub`ektlerinde finanslıq qarjılardı basqarıwdı sho`lkemlestiriwdin` ekonomikalıq mexanizmi

## 2.1 Kishi biznes sub`ektlerinde finanslıq qarjılardı basqarıwdın` sho`lkemlestiriwshilik du`zilisi

Du`n`ya ta`jiriybesinde kishi ha`m orta biznes, isbilermenlik haqqında mag`lıwmatlar XVIII a`sirde R. Kantil`on, A. Tyurgo, F. Kene ha`m J. B. Sey miynetlerinde birinshi ret talqılang`an bolsa da, O`zbekstan isbilermenlik tarawında o`zine ta`n tariyxıy ta`jiriybege iye. Bunın` ayqın mısalı sıpatında Amir Temur da`wirlerinde «Ullı jipek jolı» nın` bizin` ma`mleketimiz territoriyasına o`tiwin aytıwımız mu`mkin.

O`zbekstanda isbilermenliktin` rawajlanıwı boyınsha qolaylı sha`rayatlar bar. Olarg`a:

- xalqımızda jan`a isbilermenlik xızmetin engiziwge qa`biletliktin` joqarılıg`ı;
- isbilermenlik xızmetinin` qa`liplesiwi respublikanın` bilimlendiriw sistemasına say keliwi;
- O`zbekstan xalqının` da`ramatınan toplawg`a ajıratılg`an u`lesinin` joqarılıg`ı;
- O`zbekstannın` du`n`ya ma`mleketleri menen bekkem baylanısının` bar ekenligi;
- miynetke haqı to`lew ha`m xalıqtın` satıp alıw qa`biletinin` salıstırmalı to`menligi;
- qolaylı siyasiy sha`rayattın` bar ekenligi.

O`zbekstanda isbilermenlikti rawajlandırıw o`zgesheliklerinen kelip shıg`ıp, onın` rawajlanıwın to`mendegishe u`sh basqıshqa bo`liwmiz mu`mkin:

I-basqısh. 1917 jılg`a shekemgi bolg`an da`wirdi alıwımız mu`mkin. Bul da`wir mayda o`nermentshilik ha`m sawdagershiliktin` joqarı da`rejede rawajlanıwı menen xarakterlenedi. Sonday-aq, bul da`wir qol miynetinin` joqarı bolıwı menen o`zgeshelenedi ha`m jeke isbilermenlik ayrıqsha orın tutadı.

II-basqısh. 1917-1990 jılg`a shekemgi bolg`an da`wir. Bul haqıyqatta oraylasqan jobalı basqarıw hu`kim su`rgen, o`nim islep shıg`arıw ha`m bo`listiriwde ma`mleket tiykarg`ı rol`di atqarg`an. Erkin isbilermenlik xızmeti salıstırmalı sheklengen. O`ndiris ekstensiv jol menen rawajlandırılg`an. Bul basqıshtın` birinshi on jıllıqlarında kishi ha`m orta biznes roli sezilerli bolsa da, aqırg`ı jıllarg`a kelip, iri ka`rxanalar hu`kimlikti iyelegen. Mısalı, urısqa shekemgi bolg`an da`wirdi alsaq, O`zbekstanda ja`mi ja`miyetlik o`nimnin` 70 % ke jaqını kishi ha`m orta biznes ka`rxanalarının` u`lesine tuwrı kelgen edi.

III-basqısh. Respublikanın` g`a`rezsizlikke eriskennen keyingi jılların alıwımız mu`mkin. Bul da`wirdin` xarakterli ta`repi ekonomikanı erkinlestiriw ha`m turaqlastırıw baslı wazıypa etip belgileniwi, onı a`melge asırıwdın` ma`mleket ta`repinen arnawlı mexanizmnin` jaratılıw sha`rtliligi, onın` a`hmiyetli jollarınan biri sıpatında erkin isbilermenlikke ken` jol ashıp beriwi menen xarakterlenedi.

Usı da`wirdi sha`rtli tu`rde to`rt da`wirge bo`liwmiz mu`mkin:

I-da`wir. Qayta oyanıw da`wiri. Tiykarınan 90 jıllardın` baslarına tuwrı keledi.

Bul da`wirde isbilermenlik ha`m kishi biznestin` huqıqıy bazası du`zildi.

II-da`wir. Tikleniw da`wiri. 1999-2000 jıllardı o`z ishine aladı. Bul da`wirde Respublikamızda kishi ha`m orta biznes qa`liplestirildi. Olardın` na`tiyjeli rawajlanıwı ushın sha`rayat jaratıldı. Ma`mleket ta`repinen tiyisli ja`rdemler (jen`illikli ssudalar beriliwi, waqtınsha salıqlardan azat etiliwi, investitsiyalardı qa`liplestiriwdin` du`n`ya ta`jiriybelerin qollanıwg`a mu`mkinshiliklerdin` beriliwi h. t. b.) ko`rsetildi.

Bul da`wir dawamında isbilermenlikti rawajlandırıw esabınan kishi ha`m orta biznestin` jalpı ishki o`nimdegi u`lesi 35 % ke jaqındı quradı.

III-IV da`wir. Turaqlastırıw yamasa tuwrı keledi. Respublika Prezidenti İ. A. Karimov ta`repinen alg`a su`rilgen barlıq sho`lkemlestiriwshilik, sotsial-ekonomikalıq ha`m huqıqıy tiykarlar isbilermenliktin` baslı maqseti ekonomikanı

turaqlastırıw ha`m onı keleshekte joqarı pa`tler menen rawajlandırıwg`a qaratılg`an.

O`zbekstanda ekonomikalıq reformalardın` birinshi basqıshında menshik formaların payda etiwde huqıqıy, materiallıq tiykarlar jaratıldı. Ekinshi basqıshta bolsa, jeke isbilermenlik, xojalıq ju`rgiziwdin` tu`rli kishi formaların rawajlandırıw ushın itibar qaratıldı. Mine usı ta`repler g`ana bazar qatnasıqları jag`dayında respublikanın` xalıq xojalıg`ı ha`m xalıqtın` tu`rli tovar ha`m xızmetlerge bolg`an mu`ta`jliklerin qanaatlandırıwda tiykarg`ı rol` oynaydı.

2010-jıl 1-yanvar` jag`dayına jeke menshik formasındag`ı kishi sub`ektlerdin` u`lesi ulıwmalıq ko`lemde 96,6 % ti, ma`mleketlik ha`m ja`ma`a`tlik menshik formasındag`ı kishi biznes sub`ektlerinin` u`lesi bolsa, sa`ykes tu`rde 2,0 % ti quradı.

Bu`gingi ku`nde, kishi biznes sub`ektlerinin` 60 % ten artıg`ı sawda ha`m ulıwma awqatlanıw tarawına, 9,9 % ti salıqqa turmıslıq xızmet ko`rsetiw ha`m kommunal xızmetler tarawına  7,2 % ti qurılısqa tuwrı keledi h. t. b.

Kishi ha`m orta biznestin` strategiyalıq bag`darları, yag`nıy kishi ha`m orta ka`rxana ha`m mikrofirmalar du`ziwdin` tiykarg`ı printsipleri to`mendegiler esaplanadı:

- aymaqlarda ratsional ba`ntlikti ta`miynlew esabına tutınıwı tovarları ha`m xızmetler bazarın rawajlandırıw;

- ta`biyiy-ekonomikalıq sha`rayatlarg`a sa`ykes keliwshi kishi ha`m orta isbilermenlik strukturaların jaylastırıw;

- kishi ha`m orta biznes sub`ektlerinin` turaqlı ha`m dawamlı xızmet ko`rsetiwinin` a`hmiyetli sha`rti-aymaqlarda bazar infrastrukturasının` du`ziliwin ishki mu`ta`jliklerden kelip shıg`ıp jolg`a qoyıw;

- awıllıq orınlarg`a sanaat tochkaların jaylastırıw;

- o`ndiristin` progressiv formaları tiykarında kishi ha`m orta biznes sub`ektlerinin` ekonomikalıq na`tiyjeliligin jolg`a qoyıw;

- qala ha`m rayonlarda iri firma ha`m kontsernler, tsexlar ha`m tochkalardı ashıw;

- orınlarda kishi ha`m orta biznesti jedel rawajlandırıw esabına xalıq da`ramatların arttırıw;

- ta`biyiy faktorlar iitbarg`a alıng`an aymaqlarda kishi biznes sub`ektlerin rawajlandırıw esabına aymaqlarda kishi biznes sub`ektlerin rawajlandırıw esabına, «ekologiyalıq ju`k»ti kemeyttiriw;

- kishi biznes sub`ektleri quramın tutınıw tovarların islep shıg`arıwg`a tartıw;

- suw ilajlar boyınsha rayon ha`m qalalar ortasındag`ı ten`sizlikti sa`ykes tu`rde 2,2; 2,9; 2,7 ha`m 4,6 esege shekem pa`seyttiriw h. t. b.

Ekonomikalıq reformalardı teren`lestiriw ha`m ekonomikanı erkinlestiriw jag`dayında kishi ha`m orta biznesti rawjlandırıwda, ma`mleketlik, aymaqlıq da`stu`rlerin turaqlı tu`rde toltırıp barıw, isbilermenliktin` regionallıq o`zgesheliklerin esapqa alıw za`ru`r. Ekonomikalıq reformalardın` jan`a basqıshında bazar infrastrukturasın du`ziw, xızmet ko`rsetip atırg`anlarının` jumısın jaqsılaw, a`sirese awıllıq orınlarg`a tiykarg`ı itibardı qaratıw za`ru`r bolıp tabıladı.

Ma`mleketimiz aymaqlarında kishi ha`m orta ka`rxanalardı du`ziwde differentsiyalang`an jag`dayda jantasıw bar bolg`an miynet potentsialı, teoriyalıq ha`m real du`ziw mu`mkin bolg`an kishi ka`rxanalar sanı, olardın` aymaqlar, tarawlar ha`m menshik formaları boyınsha bo`listiriwi analizlenip u`a`renip shıg`ıladı. Bunnan son`, analizler tiykarında kishi biznesti ta`rtipke salıwshı wa`killikli ma`mleketlik emes uyımlar oraylasqan ta`rtipte joqarıdag`ı ilajlardı a`melge asırıwg`a kirisedi.

Bul bolsa, qala ha`m awıllıq jerlerdegi usınday ka`rxanalardın` rawajlanıw da`rejesindegi keri ta`sirlerdi saplastırıw, olardın` tek g`ana qalalarda ha`m rayon oraylarında ja`mlesiwinin` aldın aladı ha`m ekonomikalıq reformalardın` u`zliksiz a`melge asırılıwın ta`miynleydi.

Olardın` xızmeti joqarı ma`mleketlik uıymlar ta`repinen qollap-quwatlanıp, ta`rtipke salınıp turılsa da, olarg`a ma`lim da`rejedegi sha`rayatlar jaratılmasa, jergilikli aymaqlıq basqarıw sho`lkemleri ta`repinen qollap-quwatlanbasa, hesh qanday na`tiyje bermeydi. Sebebi, o`zinin` ekonomikalıq ta`biyatına qaray, kishi

biznes tiykarınan jergilikli ekonomikanın` u`zliksiz bo`legi bolıp, mine usı aymaqtag`ı ma`lim jag`daylar tiykarında xızmet ko`rsetiwge sa`ykeslengen boladı.

2.2.1-keste

O`zbekstan Respublikası boyınsha kishi ha`m orta ka`rxanalardın` o`siw ko`rsetkishleri

| | 1000 adamg`a tuwrı keletug`ın KOB sub`ektleri | | | | KOB ka`rxanaların sho`lkemlestiriw koeffitsienti | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | 2001 j. | 2004 j. | 2007 j. | 2010 j. | 2001 j. | 2004 j. | 2007 | 2010 j. |
| Respublika boyınsha | 6,7 | 7,1 | 8,3 | 9,1 | 22,4 | 21,5 | 18,3 | 17,7 |
| Sonın` ishinde: | | | | | | | | |
| Qaraqalpaqstan Respublikası | 4,7 | 5,6 | 6,7 | 7,8 | 25,3 | 24,2 | 24,3 | 18,6 |
| Wa`lyatlar: | | | | | | | | |
| A`ndijan | 7,5 | 7,4 | 8,0 | 8,9 | 13,2 | 14,3 | 10,6 | 7,1 |
| Buxara | 8,6 | 9,1 | 10,2 | 11,6 | 28,7 | 27,4 | 23,6 | 18,7 |
| Djizzaq | 13,8 | 12,7 | 14,2 | 16,1 | 52,3 | 50,1 | 49,6 | 11,9 |
| Qashqada`r`ya | 6,4 | 7,6 | 8,2 | 12,0 | 32,4 | 30,2 | 29,8 | 29,7 |
| Nawayı | 8,7 | 9,5 | 10,9 | 11,8 | 27,3 | 25,3 | 21,6 | 23,2 |
| Namangan | 5,4 | 7,5 | 7,0 | 7,4 | 18,5 | 17,4 | 13,8 | 8,3 |
| Samarqand | 5,2 | 6,4 | 7,7 | 7,7 | 12,5 | 11,2 | 9,0 | 7,7 |
| Surxanda`r`ya | 4,9 | 5,8 | 6,2 | 6,2 | 13,7 | 12,7 | 13,0 | 13,2 |
| Sırda`r`ya | 9,4 | 10,5 | 12,0 | 14,8 | 13,7 | 24,9 | 26,7 | 27,4 |
| Tashkent | 4,6 | 5,9 | 7,5 | 7,2 | 13,8 | 14,0 | 14,3 | 14,2 |
| Fergana | 5,7 | 6,4 | 7,1 | 7,6 | 28,7 | 27,1 | 24,5 | 13,0 |
| Xorezm | 6,4 | 7,8 | 8,4 | 9,0 | 16,4 | 17,1 | 17,3 | 18,3 |
| Tashkent qalası | 7,6 | 8,7 | 9,1 | 9,2 | 9,3 | 9,5 | 9,5 | 12,7 |

Bu`gingi ku`nge kelip respublikamız ekonomikasında kishi ha`m orta biznes sub`ektlerinin` roli artıp barmaqta, bul sub`ektlerdin` o`siw ko`rsetkishlerin 2.2.1–kestede ko`riwimizge boladı.

Joqarıdag`ı kestedan ko`rinip turg`anınday ma`mleketimiz boyınsha kishi ha`m orta biznes sub`ektlerinin` sanı jıldan-jılg`a ko`beyip barmaqta, mısalı, Qaraqalpaqstan Respublikasında 2010 jıl 1 yanvar`da ma`mleketlik dizimnen o`tken xojalıq sub`ektlerinin` san: 14824 birlik bolıp, sonnan: 1167-iri, 383 orta,

1053-kishi ha`m 12221 mikrofirmalar. Kishi ha`m orta biznes sub`ektlerinin` sanı 13657 birlik bolıp, ol 2007 jıl 1 yanvar` ko`rsetkishine salıstırg`anda 1584 birlikke yamasa 13,1 % ke ko`p.

Du`n`ya ta`jiriybesine na`zer taslaytug`ın bolsaq, rawajlang`an ma`mleketlerde de da`slep kishi ha`m orta biznestin` ekonomikada tutqan ornına ayrıqsha a`hmiyet berilgen. Bizde de, shet ma`mleketlerdegi sıyaqlı kishi biznestin` a`hmiyetli ta`repleri itibarg`a alınıp, jan`a jumıs orınlarının` sho`lkemlestiriliwi, ekonomikalıq o`siw pa`tlerinin` belgileniwine, kishi biznes penen shug`ıllanıwshı shan`araqlar ekonomikasının` bekkemleniwine jergilikli byudjettin` turaqlı ta`miynlenip turılıwına, kadrlardı bo`listiriw orın-ornına qoyılıwına, jumıssızlıqtın` aldın alıwg`a ha`mde qatnasıwshılardın` qosımsha is haqı menen ta`miynlep turılıwına u`lken ta`sir ko`rsetiwge itibar qaratılmaqta.

Kishi isbilermenlik bazar ekonomikasının` strukturalıq bo`limlerinen biri bolıp, usı infrastruktura ob`ektleri du`ziliwi, qa`liplesiwi ha`m rawajlanıwı, aymaqlıq ob`ektlerge de baylanıslı. Sebebi, bazar infrastrukturasının` elementlerinen usı tarawg`a ta`siri barlıq jerde birdey bola beriliwi. sog`an qaray, bu`gingi kishi isbilermenlik infrastrukturaların ha`r ta`repleme, teren` izertlew a`hmiyeti wazıypalardan biri bolıp tabıladı.

Bazar ekonomikası sharayatında ha`r qanday ka`rxana jumısının` za`ru`r maqsetlerinen biri qarjılardan ha`m resurslardan na`tiyjeli paydalanıw tiykarında jumıstın` finanslıq na`tiyjelerin ko`beyttiriwden ibarat bolıp esaplanadı.

Finanslıq na`tiyjeler ka`rxana jumısının` payda summasında su`wretlenetug`ın juwmag`ı bolıp esaplanadı. Na`tiyjelilik ka`rxanalardın` finanslıq materiallıq ha`m miynet resurslarınan paydalanıw da`rejesi joqarı finanslıq na`tiyjelerge erisiw qural bolıp esaplanadı. Finanslıq na`tiyjeler kriteriyası payda alıw bolıp esaplanadı.

Na`tiyjelilik kriteriyası - en` kem shıg`ım qılıp en` u`lken na`tiyjelerge erisiw bolıp esaplanadı. Ka`rxana jumısının` finanslıq na`tiyjeleri ha`m na`tiyjeliligin u`yreniw finanslıq na`tiyjeler tuwrısında esabat dep atalatug`ın 2 tu`r bolıp

esaplanadı. Buxgalteriya balansında o`z qa`rejetleri derekleri degen passivtin` 1 bo`liminde bo`listirilmegen payda ko`rsetiledi.

O`nim (jumıslar ha`m xızmetler) islep shıg`arıw ha`m satıw shıg`ımlarının` quramı tuwrısındag`ı ha`m finanslıq na`tiyjelerdi O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` 1999-jıl 5-fevral`dag`ı 54-sanlı qararı menen tastıyıqlang`an Nızamg`a muwapıq to`mendegi ko`rsetkishler parqlanadı:

- o`nim satıwdan kelgen jalpı payda;
- tiykarg`ı jumıstan kelgen payda ulıwmalıq xojalıq jumısınan kelgen payda;
- salıq to`lewden aldıng`ı payda;
- sap payda.

O`nim satıwdan kelgen jalpı payda o`nim satıwdan kelgen sap tu`sim menen satılg`an o`nimnin` o`z bahası ortasındag`ı parıq sıpatında to`mendegi formula boyınsha anıqlanadı:

Jalpı P= sat. sap. tu`s. – sat. o`zine. tu`s. baha.

Sap tu`sim o`nim satıwdan kelgen qosımsha baha salıg`ı ha`m aktsiz salıg`ı shegirip taslang`an tu`sim summası bolıp esaplanadı.

Satılg`an o`nim o`z bahası ka`rxananın` o`nim shıg`arıwg`a qılıng`an shıg`ımlar bolıp olar islep shıg`arıw maqsetinde qılıng`an tuwrı ha`m qiya materiallıq ha`m miynet shıg`ımların o`z ishine aladı.

Sawda sho`lkemleri bug`an satılg`an tovarlardın` satıp alıw bahası da qosadı.

Tiykarg`ı jumıstan kelgen payda o`nim shıg`arıw ha`m satıwdan alıng`an payda bolıp esaplanadı. Sawdada o`nim satıwdan alıng`an payda, qurılısta tamamlang`an qurıwshılıq jumıslarınan alıng`an payda ha`m basqa bolıp jalpı paydadan da`wir qa`rejetlerin (DQ) ha`m tiykarg`ı jumıstın` basqa qa`rejetlerin (BQ) shıg`arıp taslaw ha`mde tiykarg`ı jumıstan kelgen basqa da`ramatlardı (BD) qosıw jolı menen to`mendegi formula tiykarında anıqlanadı:

*A* aktiv payda = Jalpı P-DQ+BD-BQ.

Da`wir qa`rejetleri tuwrıdan-tuwrı islep shıg`arıw protsessi menen baylanıslı bolmag`an shıg`ım ha`m qa`rejetler bolıp esaplanadı. Olar basqarıw shıg`ımları o`nim satıw qa`rejetleri ha`m basqa ulıwmalıq xojalıq qa`rejetleri kiredi. Sawdada da`wir qa`rejetleri mashqalası shıg`ımları  kiredi.

Tiykarg`ı jumıstan keletug`ın basqa da`ramatlar ha`m qa`rejetler tiykarg`ı xojalıq jumısı protsessinde ıdıslar menen islengen operatsiyalar ta`biyiy kemeyiw artıqsha jog`altıw ha`m kamomadlardan, tiykarg`ı qurallardı ha`m basqa mal mu`lkti satıwdan ko`riletug`ın zıyanlar yamasa da`ramatlardan ha`m basqalardan payda bolıwı mu`mkin.

Ulıwmalıq xojalıq jumısınan kelgen payda. Tiykarg`ı jumıstın` finanslıq na`tiyje plyus (minus) finanslıq jumıs na`tiyjeleri bolıp esaplanadı. Finanslıq jumıs na`tiyjelerinen alıng`an ha`m to`lengen dividendler, payızlar kurslar ha`m valyutalar ortasındag`ı parıqlar kiredi.

Salıqlar to`leniwinen aldıng`ı payda (STAP) – ayrıqsha payda ha`m zıyanların esapqa alıp to`mendegi formula boyınsha anıqlanadı:

STAP=Ulıwma aktiv payda+PP-PZ

Ayrıqsha payda ha`m zıyanları ka`rxananın` a`piwayı jumısı doirasiga kirmeytug`ın ha`m ku`tilmegen waqıyalar na`tiyjesinde ju`zege keletug`ın ku`tilmegen da`ramatlar ha`m qa`rejetler bolıp esaplanadı.

Sap payda (SP) salıq to`lengeniden keyin ka`rxana ıqtıyarında qalatug`ın payda summası bolıp ol to`mendegi formula boyınsha anıqlanadı:

SP=STAP-payda salıg`ı – basqa salıqlar.

Bazar ekonomikası tarawında finanslıq na`tiyjeler ko`rsetkishleri ka`rxana finanslıq jag`dayının` en` a`hmiyetli ko`rsetkishleri jıyındısına kiredi. Sap payda dividendler to`lewge ha`m awısıq qarjını tolıqtırıwg`a sarıplanadı. Bo`listirilmegen

bo`legi buxgalteriya balansının` passivinde o`z qa`rejetleri degen 1 bo`limnin` bo`listirilmegen payda degen qatarında ko`rsetiledi. Eger ka`rxana zıyan ko`rgen bolsa, sol qatarda zıyannın` ele qaplanbag`an bo`legi ko`rsetiledi ha`m o`z qa`rejetleri summasının` juwmag`ı zıyan summasına kemeyttiriledi. Bazar ekonomikasında xojalıq ju`ritiwshi sub`ekt isbilermennin` tiykarg`ı maqseti ka`rxananın` turaqlı finanslıq jag`dayın saqlap qalg`an xalda salıng`an qa`rejetlerge ko`birek payda alıwdan ibarat bolıp esaplanadı. Bug`an islep shıg`arıwg`a salıng`an kapitaldan maqsetke muwapıq (optimal) paydalanıw ha`m ulıwma na`tiyjelilikti asırıw jolı menen erisiw mu`mkin.

Xojalıq jumısın rejelestirgen ha`m analiz qılg`an waqıtta qa`rejetlerden paydalanıw na`tiyjeliliktin` konkret da`rejelerin su`wretleytug`ın tu`rli rentabellik ko`rsetkishleri esaplanıp shıg`arıladı. Solardan ha`r bir isbilermen ha`m investordı qızıqtıratug`ın tiykarları to`mendegiler bolıp esaplanadı:

- O`nim satıw rentabelligi;
- tiykarg`ı kapital rentabelligi;
- o`z kapitalının` rentabelligi;
- qa`rejetler rentabelligi.

O`nim satıw rentabelligi satılg`an o`nim birligine keletug`ın payda u`lesin ko`rsetedi ha`m jalpı payda summasın (Jalpı P) o`nim satıwdan kelgen sap tu`simge (Sap sat tu`s) bo`liw jolı menen to`mendegi formula tiykarında esaplanıp shıg`arıladı:

$$Sren = \frac{jalpi\ P\ x100}{sap.sat.tusim}$$

Tiykarg`ı kapitaldın` rentabelligi (Ti sarm rent) sap paydanın` jumsalg`an xojalıq qa`rejetleri yag`nıy tiykarg`ı kapitalrdın` 1 sumına tuwrı keletug`ın u`lesi. Ol sap paydanın` (SP) tiykarg`ı kapital ortasha jıllıq summasına salıstırması sıpatında to`mendegi formula boyınsha anıqlanadı:

$$\text{Tiy. kap. rent.} = \frac{SP\ x100}{kap.ortasha}$$

O`z kapitalının` rentabelligi.

O`z kapitalının` 1 swmına tuwrı keletug`ın sap payda u`lesi. Sap paydanın` (SP) o`z kapitalı ortasha jıllıq summasına salıstırması sıpatında to`mendegi formula boyınsha anıqlanadı:

$$\text{O`z kap. rent.} = \frac{SP\ x100}{kap.ortasha}$$

Tiykarg`ı kapital ha`m o`z sarmoyasının` ortasha jıllıq summası jıl sherekleri finanslıq esabatları boyınsha ortasha xronologiyalıq formula tiykarında esaplanıp shıg`arıladı. Ka`rxana finanslıq jag`dayının` isbilermenlerdi, investorlar ha`m aktsiyadarlardı qızıqtıratug`ın ta`repleri salıng`an qa`rejetlerdin` yag`nıy tiykarg`ı kapital ha`m o`z kapitalının` o`zin aqlaw ta`repinen de gu`zetiledi.

Tiykarg`ı kapitaldın` o`zin aqlaw xojalıqqa salıng`an pu`tin kapital o`zin aqlawg`a kerek bolatug`ın mu`ddet. Ol xojalıq qa`rejetleri ortasha jıllıq summasının` (sar orta) sap payda (SP) summasına salıstırması.

$$\text{Tiy. kap. aqlanıwı} = \frac{Sap\ \ orta}{Sap\ \ payda}$$

O`z kapitalının` aqlanıwı xojalıqqa salıng`an o`z qa`rejetleri aqlanıwı ushın kerek bolg`an mu`ddet bolıp esaplanadı. Ol o`z qa`rejetleri ortasha jıllıq summasının` sap payda summasına salıstırması anıqlanadı ha`m ol to`mendegi formula boyınsha esaplanıp shıg`arıladı.

$$\text{O`z kap. aqlanıwı} = \frac{Oz\ \ sap\ orta}{Sap\ \ payda}$$

Na`tiyjelilikti ha`m finanslıq na`tiyjelerdi asırıw ekstensiv ha`m intensiv jol menen alıp barıladı.

Ekstensiv usıllar ishine u`skineni tez-tez almastırıw qosımsha xızmetkerler ja`mleniw jan`a u`skeneler satıp alıw ha`m basqalar kiredi.

İntensiv usıl ilimiy texnikalıq rawajlanıw tiykarında texnikalıq materiallıq ha`m miynet resurslarınan aqılg`a muwapıq paydalanıwdan ibarat bolıp esaplanadı. O`tiw da`wiri sharayatında ko`plegen ka`rxanalarda tiykarg`ı qurallar ju`da` jelingen ha`m materiallıq eskirip qalg`an bir payıtta islep shıg`arıw na`tiyjeliligin asırıw ka`rxana baslıg`ı bulardın` ba`rshesin biznes-rejeler du`ziw, analizde esapqa aladı.

## 2.2 Kishi biznes sub`ektlerinin` finanslıq qarjılarının` sho`lkemlestiriwshi-ekonomikalıq ko`rsetkishi ha`m olardın` analizi

Bazar ekonomikası jag`dayında kishi ha`m orta biznestin` sho`lkemlestiriwshilik-ekonomikalıq ko`rsetkishlerine ayrıqsha itibar qaratıladı.

İsbilermen bizneske birinshi qa`dem qoyg`an waqıtta yamasa jan`a proektti a`melge asırıw protsessinde bir qatar qıyınshılıqlarg`a dus keledi. Olardın` en` tiykarg`ıları bolıp to`mendegiler esaplanadı:

Birinshiden, finanslıq qarjılardın` jetispewshiligi;

Ekinshiden, aldınnan belgilenbegen, ku`tilmegen jag`daylardın` ko`pligi.

Bular ka`rxananı tan`lag`an joldan barıwg`a mu`mkinshilik beriliwi mu`mkin. Bunday unamsız (qolaysız) jag`daydan shıg`ıwdın` jolı aldın-ala o`z maqseti qag`azg`a belgilew, bahalaw ha`m keleshekti belgilewden ibarat. Bul o`z gezeginde biznes rejeni du`ziwdi talap etedi. Ha`r qanday biznes penen shug`ıllanıw ushın, meyli ol iri, orta, kishi, mikro da`rejede bolsın da`slep sho`lkemlestiriwshilik jumısların biznes reje du`ziwden baslaw kerek.

Biznes-reje kishi ha`m orta biznesti sho`lkemlestiriwshilik ko`rsetkishlerinen biri bolıp, ol firmanın` strategiyalıq perspektivasın belgilep beredi ha`m onı 3-5 jılg`a du`ziw usınıs etiledi. Biznes rejenin` birinshi ha`m ekinshi jıllarına ko`rsetkishlerdi kvartallarg`a bo`listirgen halda beriliwi maqsetke muwapıq

esaplanadı ha`m u`shinshi jıldan baslap jıllıq ko`rsetkishler menen shegaralanıw mu`mkin.

Biznes reje isbilermenlerdin` jumıs quralı bolıp, rawajlanıp atırg`an kishi ha`m orta biznes sub`ektleri, firmalar xızmetinde u`lken a`hmiyetke iye. Biznes rejeni du`ziwden aldın biznes analizi islenedi.

Bunda kishi ha`m orta bizneske ta`sir etiwshi jag`daylar analizlenip shıg`ıladı. Ol sho`lkemnin` sırtqı ha`m ishki talaplarg`a muwapıqlıg`ın onın` mag`lıwmatlar tiykarında bahalaydı.

Sırtqı ortalıq ka`rxananın` mu`mkinshiliklerine baylanıslı bolmaydı. İshki ortalıqtı analizlewde ka`rxananın` ku`shli ha`m ha`lsiz ta`repleri anıqlanadı ha`m keleshekte olardan na`tiyjeli paydalanıw ilajları belgilenedi.

Kishi ha`m orta ka`rxanalarda ba`nt bolg`anlar ha`m olardın` jıllıq o`ndiris ko`lemine qaray toparlarg`a bo`linedi. Mısalı, O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` 1994 jılı  28 dekabr`degi 628-sanlı qararına tiykarlanıp kishi ha`m orta ka`rxanalarda ba`nt bolg`anlar ha`m olardın` jıllıq aylanısı belgilengen.

Jumıs penen birge bul jag`day kishi ha`m orta biznes ka`rxanalarının` o`ndiris na`tiyjeliligin ko`teriw ha`m qa`rejetlerin kemeytiw boyınsha jetilistiriw tiyis.

Bazar ekonomikası jag`dayında kishi biznestin` sho`lkemlestiriwshilik-ekonomikalıq ko`rsetkishlerinin` tag`ı da biri ka`rxananın` finanslıq qarjılar menen ta`miynleniwshiligi esaplanadı. Ka`rxananın` finanslıq-xojalıq xızmetin analizlewde informatsiya deregi bolıp buxgalteriyalıq balans ha`m finanslıq na`tiyjeler esabatı alınadı. Ka`rxana balansınan anıq bir da`wirge (kvartal, jıl) finanslıq jag`day haqqında mag`lıwmat alıw mu`mkin. Analizlewde to`mendegi tiykarg`ı koeffitsientlerden paydalanıw mu`mkin. Ag`ımdag`ı likvidlik koeffitsienti – bul qarız mug`darı menen likvid qarjı mug`darı ortasındag`ı salıstırmag`a baylanıslı. Eger qarız likvid qarjıdan ko`p bolsa, ka`rxana bankrot boladı. Bul ko`rsetkishler to`mendegishe esaplanadı:

$$Kt.l. = \frac{OS}{KO};$$

Bul jerde:

Kt.l. – ag`ımdag`ı likvidli koeffitsienti;

OS – aylanıs qarjıları;

KO – qısqa mu`ddetli minnetlemeler.

Rentabellik koeffitsientleri:

$$\text{Aktiv rentabelligi} = \frac{\text{Sap payda}}{\text{Aktivlerdin` ortasha jıllıq qunı}};$$

$$\text{Satıw rentabelligi} = \frac{\text{Sap payda}}{\text{O`nimlerdi satıwdan tu`sken sap tu`sim}};$$

$$\text{Jeke kapital rentabelligi} \quad \frac{\text{Sap payda}}{\text{Jeke kapitaldın` ortasha jıllıq qunı}};$$

$$\text{O`nimnin` kapital rentabelligi} \quad \frac{\text{Sap payda}}{\text{O`nimnin` o`zine tu`ser bahası}};$$

Kishi ha`m orta biznes penen shug`ıllanıwshı isbilermen, xojalıq xızmetin basqarıw protsessinde o`z rejesin a`melge asırıwdın` al`ternativ jolları ha`m mu`mkinshilikleri haqqında mag`lıwmat alıwı ha`m olardan en` jaqsını tan`lawı kerek.

Atap aytqanda en` maqset muwapıq isbilermenlik proekti sonnan ibarat, ol tartılg`an ha`m naq kapitaldı na`tiyjeli, durıs ha`m tolıq rejelestirilgen na`tiyjege erisiwge bag`darlang`an, tiykarlang`an maqsetke muwapıq usıllar menen xojalıq ma`selelrin a`melge asırıw. proekttin` jasaw qa`bileti ekonomikalıq-texnikalıq

ko`rsetkishler menen, sonday-aq, juwmaqlardın` abzallıg`ın tan`lawg`a tiykarlang`an ha`m maqsetke muwapıq qattı-ha`rketlerge durıs baha beriw menen ta`riyplenedi.

İsbilermenlik proektinin` ekonomikalıq-texnikalıq tiykarı to`mendegi ta`rtipte ko`rsetkishler sistemasında paydalanıp a`melge asırıladı:

1. ka`rxana keleshegi haqqında da`slepki mag`lıwmatlar jıynaladı ha`m bul mag`lıwmatlarg`a islep beriledi;

2. isbilermenlik ideyasın a`melge asırıwdag`ı qa`rejet esaplanadı. Bug`an isbilermenlerdi yaki ka`rxanalardı dizimnen o`tkeriwge, o`ndiris bazasın du`ziwge, o`nimdi islep shıg`arıwg`a ha`m onı satıwg`a ketetug`ın qa`rejetlerge bag`darlang`an pul quralları kiredi.

Kishi ha`m orta biznestin` isbilermenlik sistemaların dizimnen o`tkeriw hu`jjetleri du`ziwshi hu`jjetler kompleksin tayarlaw, yuridikalıq yamasa fizikalıq shaxs huqıqlarına iye bolıw, dizimnen o`tiw, ma`mleketlik bajını to`lew, esap-betin ashıw, mo`r ha`m shtamp, blankalar tayarlaw, ustav kapitalın ju`zege keltiriw menen baylanıslı.

O`ndiris bazasın du`ziwge bag`darlang`an ustav qarjısı to`mendegi bag`darlarda esapqa alınadı: proektten aldın`g`ı izleniwler; proektlestiriw, imarat qurılısları yaki ijarag`a beriw; a`spab ha`m u`skeneler; orgtexnika; mebel` ha`m inventorlarg`a ketken qa`rejetler.

O`nimnin` o`zine tu`ser bahasın qa`liplestiriwshi ha`m basqarıwshı qa`rejetler o`z ishine to`mendegilerdi aladı: u`skenelerdin` amortizatsiyası, imarat ha`m qurılmalardı saqlaw; olardan paydalanıw; elektr energiyası; janılg`ıg`a qa`rejetler.

O`nimdi satıw boyınsha qa`rejetler, oraw, tara, transporta tasıw, skladta saqlaw, reklamanı esapqa alg`an halda belgilenedi.

3. Shıg`arılıp atırg`an o`nim ushın rejelestirilgen bahalar belgilenedi. Olardın` da`rejesi talap ha`m usınısta esapqa alıp belgilenedi. biraq baha xojalıq qa`rejetleri qaplawı ha`m da`ramattın` jeterli da`rejede ta`miynleniwi kerek.

4. Ku`tilgen da`ramat o`nim islep shıg`arıw jıllıq bag`darlaması ha`m bir danasın esapqa alg`an halda esap-kitaplar islenedi.

5. Kiristen tayanatug`ın ma`jbu`riy to`lemler ha`m tu`simnin` shama summası esap-kitap qılınadı.

6. Ku`tilgen balans da`ramatı anıqlanadı.

7. Salıqlar, to`lemler ha`m jıyımlardın` ulıwma summası anıqlanadı.

8. İsbilermenlik proektin a`melge asırıwdan kelgen sap da`ramat esap-kitap qılınadı.

9. Sap paydanı esapqa alg`an halda proekt analizlenedi. Eger esap boyınsha payda alınbasa ha`m onın` ko`lemi normadan kem bolsa isbilermenlik proektin a`melge asırıw maqsetke muwapıq bolmaydı, bunda isbilermenlik ideyasının` jan`a kontseptsiyasın islep shıg`ıw ha`m onın` ekonomikalıq-texnikalıq tiykarlanıwın o`tkeriw kerek.

Bazar ekonomikası jag`dayında kishi ha`m orta biznestin` rawajlanıwı rezervlerdi anıqlawdı talap etedi. Sebebi olar isbilermenliktin` rawajlanıw bag`darların anıqlawg`a xızmet etedi.

Ekonomikalıq pa`nlerde rezerv eki ma`niste tu`siniledi:

- o`ndiristi rawajlandırıw mu`mkinshilikleri;

- o`ndiristin` bir qa`lipte islewin ta`miynlew ushın shiyki-zat ha`m resurslar rezervi.

Rezerv degende u`yrenilip atırg`an ob`ekttin` ekonomikalıq na`tiyjeliligin arttırıwshı ishki mu`mkinshilikler tu`siniledi.

Bizin` pikirimizshe, kishi ha`m orta bizneste rezervler sistemasının` rawajlanıwın anıqlawda:

- kishi ha`m orta bizneske ta`n bolg`an ta`replerge;

- kishi ha`m orta biznestin` rawajlanıwına ta`sir etiwshi faktorlarg`a;

- kishi ha`m orta biznestin` ma`mleket ja`rdem tiykarında rawajlanıwına ayrıqsha itibar beriw kerek.

Kishi ha`m orta biznes ishki ha`m sırtqı rezervler tiykarında rawajlanıp, olar birgelikte rezervler sistemasın payda etedi.

2.2.1-sızılma

Kishi ha`m orta biznestin` rawajlanıwının` rezervler sisteması



Ha`r qanday sistema sıyaqlı kishi ha`m orta biznestin` rezervler sistemasının` rawajlanıwı o`z o`zgesheliklerine iye. bunı to`mendegi sızılmadan ko`riwimizge boladı (2.2.1-sızılma).

Sonı aytıp o`tiw kerek, ishki ha`m sırtqı resurslar bir-biri menen baylanıslı bolıp, olar birgelikte bir pu`tin sistemanı quraydı.

Ha`zirgi waqıtta kishi ha`m orta biznes ka`rxanaların finanslastırıw ha`m og`an bank xızmetin ko`rsetiwdegi jetilistiriw aktual mashqala esaplanadı. Sebebi kishi ha`m orta biznes ka`rxanalarında pul qarjılarının` jetispewshiligi, olardın` bankrotqa ushırawına alıp kelmekte.

Usı mashqalanı sheshiw bag`darlarınan biri tiyisli investitsiyalıq ortalıqtı qa`liplestiriw jolı menen kishi ha`m orta biznes sın`ar ka`rxanasında investitsion aktivlikti arttırıwdan ibarat. Du`n`ya ta`jiriybesinde investitsion ortalıqtı jaratıwdın` bir qatar sha`rtleri bar. Bular:

Birinshiden, ma`mlekette siyasiy turaqlılıqtı ta`miynlew za`ru`r;

Ekinshiden, menshiktin` barlıq formaları huqıqıy jaqtan qorg`alıwı za`ru`r, yag`nıy aldın-ala anıqlaw mu`mkin bolg`an inflyatsiya da`rejesi, valyuta almastırılıwın boljaw mu`mkin bolg`an kursı, salıqlar da`rejesi to`menirek, usının` sisteması bolsa a`piwayıraq bolıwı ha`m usı sıyaqlılar.

Kishi ha`m orta biznesti rawajlandırıwdın` a`hmiyeti rezervlerinen biri – na`tiyjeli basqarıwdı sho`lkemlestiriw esaplanadı. Sebebi, ha`zirgi waqıtta basqarıw o`ndiristi rawajlandırıwdın` a`hmiyeti faktorına aylandı. Biraqta, basqarıwdı eki da`rejede tu`siniw za`ru`r. Birinshisi – ma`mleket ta`repinen usı protsessti rawajlandırıw, ekinshisi bolsa kishi ha`m orta ka`rxananın` ishki minnetlemesi.

Rawajlang`an shet el ma`mleketleri praktikası ko`rsetedi, kishi ha`m orta biznes ka`rxanaları ekonomikalıq kon`yunkturasının` o`zgerislerine tez sa`ykeslese alatug`ın, jan`a texnika ha`m texnologiyalardı turaqlı ruwishte talap etetug`ın, miynet o`nimdarlıg`ı joqarı bolg`an xojalıq sub`ektleri esaplanadı. Olarg`a ta`n bolg`an usı belgiler kishi ha`m orta ka`rxanalardın` ekonomikalıq o`siwine, olardın` xalıq ba`ntligin ta`miynlewdegi rolinin` artıwına alıp keledi. Mısalı,

AQShtın` «Djeneral Motors» korporatsiyasında shiyki-zat ha`m awısıq bo`leklerdi 30 mın` tovar jetkerip beriwshilerden satıp alınadı. Olardın` tiykarg`ı bo`legi kishi ha`m orta biznes ka`rxanaları esaplanadı.

Ma`mleketimizde de kishi ha`m orta biznes ka`rxanaları xızmetin rawajlandırıw hu`kimettin` ekonomikalıq siyasatının` tiykarg`ı bag`darlarınan biri bolıp tabıladı.

N. Siropolistin` AQShtag`ı kishi ha`m orta biznes ka`rxanaları xızmetin analizlew na`tiyjeleri olardag`ı na`tiyjeliliktin` 82 % ti basqarıw sapasının` to`menligi menen baylanıslı ekenligin ko`rsetedi.

%. Nek ta kishi ha`m orta ka`rxanalar basqarıwında ta`jiriybe ha`m qa`niygeliktin` jetispewshiligin olar xızmetindegi na`tiyjesizliktin` tiykarg`ı sebeplerinen biri dep esaplaydı.

Kishi ha`m orta biznestin` ekonomikada tutqan ornına baha beriw ushın, en` da`slep ekonomikalıq o`siw ushın tiykarg`ı a`hmiyetke iye bolg`an mug`darlı ko`rsetkishlerge itibardı qaratıw tiyis. Bunday ko`rsetkishlerge kishi ha`m orta biznestin` jalpı ishki o`nim, ja`mi jumıs penen ba`nt bolg`anlar, kapital qoyılmalar, eksport ha`m basqarıwdag`ı u`lesin kirgiziwi mu`mkin. Sonın` menen birge, ma`mlekettegi kishi ha`m orta ka`rxanalardan ulıwma sanı ha`m ha`r mın` adamg`a tuwrı keletug`ın kishi ha`m orta ka`rxanalar sanı ha`m usı sektordın` rawajlang`anlıq da`rejesi haqqında pikir ju`rgiziwge mu`mkinshilik beredi.

Kishi ha`m orta biznestin` ekonomikada orınlaytug`ın wazıypaların analizlew a`hmiyetli orıng`a iye bolıp. Ol joqarıdag`ı ko`rsetkishler menen birge, kishi ha`m orta biznestin` ekonomikadag`ı ornı ha`m roli haqqında tolıg`ıraq mag`lıwmat beredi.

Joqarıdag`ı 2.2.1-kestede du`n`yanın` tu`rli ma`mleketleri ekonomikasında kishi ha`m orta biznestin` ornı haqqında mag`lıwmatlar keltirilgen.

Kesteda ko`rinip turg`anınday, rawajlang`an ma`mleketlerde JİO` nin` 50-67 % ti kishi ha`m orta biznes esabına tuwrı keledi. Bul ko`rsetkish A№Sh ta 50-62 % ti, Evropa Awqamı ellerinde 63-67 % ti, Yaponiyada 52-58 % ti quraydı, "MDA

ellerinde bul ko`rsetkish bir qansha to`men bolıp, Rossiyada 10-11 % ti, O`zbekstanda 24,4 % ke ten`.

2.2.1-keste

2000-2010 jıllarda du`n`yanın` ayırım ma`mleketlerinin` ekonomikasında kishi ha`m orta biznestin` ornı

| Ma`mleketler | Kishi ha`m orta biznes ka`rxanaları sanı | | Kishi ha`m orta biznestin` u`lesi, % esabında | |
|---|---|---|---|---|
| | mın` | mın` adam esabına | ja`mi jumıs penen ba`ntler sanı | jalpı ishki o`nimde |
| AQSh | 19300 | 74,2 | 54 | 50-52 |
| Evropa Awqamı ma`mleketleri | 15777 | 45 | 72 | 63-67 |
| Ullı Britaniya | 2930 | 46 | 49 | 50-53 |
| Germaniya | 2290 | 37 | 46 | 50-54 |
| İtaliya | 3920 | 68 | 73 | 57-60 |
| Frantsiya | 1980 | 35 | 54 | 55-62 |
| Yaponiya | 6450 | 49,6 | 78 | 52-44 |
| Rossiya | 836,2 | 5,6 | 9,1 | 10-11 |
| O`zbekstan | 201,9 | 8,1 | 53 | 20-22,4 |

Kishi ha`m orta biznestin` ekonomikada orınlaytug`ın wazıypaların analizlew a`hmiyetli orıng`a iye bolıp. Ol joqarıdag`ı ko`rsetkishler menen birge, kishi ha`m orta biznestin` ekonomikadag`ı ornı ha`m roli haqqında tolıg`ıraq mag`lıwmat beredi.

Joqarıdag`ı 2.2.1-kesteda du`n`yanın` tu`rli ma`mleketleri ekonomikasında kishi ha`m orta biznestin` ornı haqqında mag`lıwmatlar keltirilgen.

Kesteda ko`rinip turg`anınday, rawajlang`an ma`mleketlerde JİO` nin` 50-67 % ti kishi ha`m orta biznes esabına tuwrı keledi. Bul ko`rsetkish A№Sh ta 50-62 % ti, Evropa Awqamı ellerinde  63-67 % ti, Yaponiyada 52-58 % ti quraydı, "MDA ellerinde bul ko`rsetkish bir qansha to`men bolıp, Rossiyada 10-11 % ti, O`zbekstanda 24,4 % ke ten`.

Kishi ha`m orta biznes ekonomikada a`hmiyetli sotsial-ekonomikalıq wazıypalardı orınlaydı. Bul wazıypalardın` tiykarg`ılarınan biri sonnan ibarat, kishi ha`m orta biznes ja`miyette siyasiy ha`m ekonomikalıq turaqlılıqtı ta`miynlewshi ortasha klasstın` qa`liplesiwine alıp keledi. Ha`r qanday ja`miyette ortasha klass ekonomika rawajlanıwında o`zine ta`n orın tutadı.

Ma`mleket masshtabı da`rejesinde ma`mleket Respublika ha`m jergilikli byudjetlerin finanslıq resursların tu`rlendiriw ta`rtibin ko`rip shıg`amız. Ko`rsetip o`tkenimizdey, finanslıq resurslar masshtabı ta`repinen oraylastırılg`an (ma`mleket) tu`rde a`mel qıladı.

Oraylastırılg`an finanslıq resurslardın` bar bolıwının` en` a`hmiyetli ob`ektiv faktorlardan biri bul ma`mleketti o`z funktsiyaların a`melge asırıw ushın belgili mug`darda finanslıq qa`rejetlerge bolg`an mu`ta`jden kelip shıg`adı. Ma`mleket ıqtıyarına kelip tu`setug`ın ha`m sotsiallıq xızmetler ushın sarıplanatug`ın finanslıq resurslar tiykarınan to`mendegi jollar menen salıqlar salıq to`lewler bajıxana ha`m ma`mleket bajıları pensiya fondı jumıs penen ba`ntlik fondı jol fondı, menshiklestiriwde tu`sken qa`rejetler ha`mde jer astı ta`biyiy baylıqların realizatsiyadan tu`sken qa`rejetler ha`m basqa sol sıyaqlıdan tu`rlenedi.

Oraylastırılg`an finanslıq resurslar tiykarınan ma`mleket byudjetinde ja`m boladı. Sonı aytıp o`tiw kerek, ja`miyet ekonomikalıq o`mirde oborotda bolatug`ın finanslıq resurslar eki tu`rli ta`rtipte- byudjet dizimi ha`m xojalıq ju`ritiwshi sub`ektler arqalı ha`rekette boladı.

Byudjet diziminde oborot bolatug`ın finanslıq resurslar esaplanıp olar milliy da`ramattı qayta bo`listiriwden ju`zege keledi.

Sol ta`repten de olardı ekilemshi finanslıq resurslar dep ataw mu`mkin. Byudjet dizimi bul ma`nisi ha`m quramı ta`repinen byudjetler ha`m byudjet qa`rejetlerinin` alıwshılar jıyındısı bolıp, olardı sho`lkemlestiriw, du`ziw printsiplerin ha`mde byudjet protsessinde payda bolatug`ın, olar ortasındag`ı qatnasıqlardı su`wretlep finanslıq resurslardı tu`rlendiriwshi ha`m bo`limtiriwshi quramalı ma`mleketti finanslıq rejesi esaplanadı.

Byudjet diziminin` en` a`hmiyetli quramlı bo`limlerinen biri bul ma`mleket byudjeti esaplanadı. Ma`mleket byudjeti finanslıq diziminin` tiykarg`ı zvenosı esaplanıp o`zinde da`ramatlardı ha`m qa`rejetlerdi birlestirip ma`mleket pul qa`rejetlerinin` oraylastırılg`an jamg`arması bolıp o`zinde finanslıq resurslardı su`wretleydi ha`m olar ha`reketi arqalı resurslardın` jıynalıwına ha`m ha`reket qılıwına alıp keledi.

Ma`mleket byudjeti usı jıldag`ı tiykarg`ı finanslıq rejesi bolıp ol nızam shıg`arıwshı organ Oliy Majilis ta`repinen tastıyıqlanadı ha`m nızam ku`shine iye boladı. Ma`mleket byudjeti materiallıq ta`repten ma`mlekettin` oraylastırılg`an pul qa`rejetlerinin` fondı esaplansa onın` sotsiallıq–ekonomikalıq a`hmiyeti milliy da`ramattı qayta bo`listiriwdin` tiykarg`ı quralı esaplanadı. Ma`mleket byudjeti sonday-aq byudjet dizimine kiriwshi ba`rshe da`rejedegi byudjetlerdin` da`ramatlar bo`liminin` tu`rleniwinin` a`hmiyetli finanslıq resurs deregi sıpatında salıqlar esaplanadı.

Bu`gingi ku`nde ma`mleket byudjeti da`ramatlarının` 70-80 payızın tiykarınan salıqlar iyeleydi. Ma`mleket byudjetindegi salıqlardın` finanslıq resurs sıpatındag`ı u`lesi bizin` pikirimizshe u`sh tu`rli faktorg`a baylanıslı boladı. Birinshiden, ma`mleketti o`z quramına kiriwshi wazıypalardı a`melge asırıw ushın kerek bolatug`ın qa`rejetler mug`darına, ekinshiden, xojalıq ju`ritiwshi sub`ektlerdin` sotsial – ekonomikalıq xızmetlerinin` kommertsiyalasıw da`rejesine tuwrıdan-tuwrı baylanıslı boladı.

Ma`lim bolg`anınday, bazar ekonomikası sharayatında ma`mleket ha`m xojalıq ju`ritiwshi sub`ektler ortasındag`ı o`z-ara qatnasıqlar tiykarınan ma`mleket byudjeti arqalı a`melge asırılıp barıladı, bunda salıqlar jeke rol` oynaydı.

Prezidentimiz İ.A.Karimovtın` «Bazar qatnasıqlarına o`tiw sharayatında salıq ekonomikalıq siyasattı a`melge asırıwda en` a`hmiyetli basqarıwshı faktor bolıp qaladı» degen atap o`tip, bunnan keyin de salıqlardın` a`hmiyetli finanslıq resurs sıpatında a`mel qılıwdı tastıyıqlaydı. Bunnan tısqarı ma`mleket ekonomikasın erkinlestiriw jolında barar eken, tuwrıdan-tuwrı ma`mlekettin`

ekonomikasına aralasıwı jan`a salıqlar arqalı aralasıwının` en` a`hmiyetli ha`m na`tiyjeli qural sıpatında da salıqlardın` ornı asıp baradı.

O`zbekstan Respublikası Ma`mleket byudjetinde salıqlar ha`m salıqsız to`lemlerdin` tutqan ornı (2.2.2-keste).

Keste mag`lıwmatlarınan ko`rinip turg`anınday salıqlar ha`m salıqsız to`lemler ma`mleket byudjetinin` da`ramatlar bo`liminde maqsetsiz fondlar sıpatında tu`rlenip ja`mi byudjet da`ramatlarının` u`lesi keyingi jıllarda kemeygenligin ko`rsetiw mu`mkin. Bunday jag`daydı to`mendegiler menen ta`riyiplew mu`mkin: birinshiden, salıqlarg`a ma`mleket siyasatı reformalarının` da`slepki da`wirinen-aq ku`shli fiskallıq qa`siyetinen ka`rxanalar islep shıg`arıw aktivligin qoshametlew maqsetinde bir qatar salıqlar boyınsha stavkalardın` pa`seyiwi ta`repine o`zgertirilgenligi menen, ekinshiden xojalıq ju`ritiwshi sub`ektlerdin` kerisinshesinde salıq nızamshılıg`ının` jaqsı bilmewi sebepli salıq ob`ektlerin jasırıw ha`m salıqlardı to`lewden bas tartıw jag`daylarının` kelip shıg`ıwında bolıp esaplanadı.

Bunnan tısqarı bu`gingi ku`nde ja`miyet masshtabında jaratılıp atırg`an jalpı ishki o`nimnin` qayta bo`listiriliw protsessi aqıbetinde salıqlarg`a aylanıw da jıl sayın kemeyip barmaqta bul ja`miyet masshtabında jaratılıp atırg`an ja`mi finanslıq resurslar bo`listiriw protsessine tartılıw mexanizminde mikro da`rejedegi finanslıq resurslar sıpatında qalıw tendentsiyasının` ku`sheygenligin ha`mde xojalıq ju`ritiwshi sub`ektlerdin` finanslıq jag`dayın jaqsılaw barısındag`ı ilajlar sıpatında talqin etiw mu`mkin.

Salıqlardın` finanslıq resurslar sıpatındag`ı roli ma`mleket ekonomikalıq siyasatı, atap aytqanda, salıq siyasatının` mazmun-ma`nisine tuwrıdan-tuwrı baylanıslı boladı. Salıq siyasatının` aqırg`ı eki jıldag`ı tiykarg`ı na`tiyjelerinen biri bul ayırım salıqlardın` kemeyittiriliwi boldı.

2.2.2-keste

Ma`mleketke tiyisli ob`ektlerdi menshiklestiriwden tu`sken pul qa`rejetleri esabı

| № | Ko`rsetkishler | 2000 j | | 2004j | | 2006 j | | 2008 j | | 2010 j | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | mln swm | % | mln swm | % | mln swm | % | mln swm | % | mln swm | % |
| 1 | QQS | 54838 | 14,7 | 101232 | 19,4 | 173327 | 23,5 | 193110 | 20,8 | 210009 | 20 |
| 2 | Aktsiz salıg`ı | 48350 | 13 | 53704 | 10,3 | 95415 | 13 | 121377,7 | 13,1 | 133120 | 13 |
| 3 | Yuridikalıq shaxs da`ramat salıg`ı | 62980 | 16,9 | 36000,6 | 16,3 | 89800 | 12,1 | 87618 | 9,4 | 97300 | 11,2 |
| 4 | İsbilermenlik jumısı menen shıg`. fizik. salıq | 2500 | 0,6 | 17500 | 1,4 | 900 | 1,2 | 15878 | 1,7 | 18450 | 1,8 |
| 5 | Fizikalıq shaxslardın` da`ram. salıg`ı | 302713 | 3,1 | 50297,9 | 9,6 | 67600 | 9,1 | 98747,2 | 10,6 | 120848 | 13 |
| 6 | Mal-mu`lk salıg`ı | 10433,7 | 2,8 | 20000 | 3,8 | 29800 | 4 | 33074,3 | 3,7 | 40133 | 5 |
| 7 | Jer salıg`ı | 10433,7 | 2,8 | 20000 | 3,8 | 29800 | 4 | 33074,3 | 3,7 | 40133 | 5 |
| 8 | Jer astı baylıqlardan payd. ushın salıq | 6218 | 1,6 | 8500 | 1,6 | 11500 | 1,5 | 8100 | 1,2 | 9400 | 1,2 |
| 9 | Suw res. payd. ushın salıq | - | - | 3800 | 0,7 | 3200 | 0,4 | 4960,3 | 0,7 | 1233,6 | 0,7 |
| 10 | Bajıxana bajı | 6511,1 | 1,7 | 8500 | 1,6 | 8000 | 1 | 8200 | 1,2 | | |
| 11 | Sots. infrast. rawaj. salıg`ı | 36772,6 | 9,9 | 2000 | 0,3 | 5200 | 0,7 | 8271 | 1,2 | 9400 | 1,2 |
| 12 | Ekologiya salıg`ı | 5398,7 | 1,4 | 1063,3 | 2 | 13800 | 1,9 | 18800 | 2,9 | 19850 | 2,9 |
| 13 | Basqa da`ramat. | 36772,6 | 9,9 | 23066,9 | 4,4 | 20950 | 2,8 | 29992 | 4,6 | 25350 | 5,2 |
| 14 | Ja`mi maqsetsiz fondl. da`ram. | 289136,8 | 77,8 | 399552,7 | 76,6 | 548096 | 74,8 | 650053,5 | 70 | 883466,7 | 80 |
| 15 | Ja`mi byudjet da`ramatı | 371495 | 100 | 521379,7 | 100 | 737993 | 100 | 927053,5 | 100 | 1133456,4 | 100 |

Derek: O`zbekstan Respublikası Finans Ministrligi mag`lıwmatları tiykarında esaplanadı.

Aytıw kerek, ma`mleket byudjetinin` da`ramatların tu`rlendiriwde finanslıq resurslar eki tu`rli maqsette ko`rsetiledi. Salıqlar ha`m salıqsız to`lemler maqsetsiz fondlar sıpatıda byudjetke kiritilse, maqsetli fondlar sıpatında da finanslıq resurslar

2.2.3-keste

Kishi biznes sub`ektlerinin` finans ko`rsetkishleri analizi

| | 2001 | 2002 | 2003 | 2004 | | 2001 | 2002 | 2003 | 2004 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Aktiv | | | | | Passiv | | | | |
| **1. Uzaq mu`ddetli aktivler** | | | | | **1. Jeke qarjıları derekleri** | | | | |
| Tiykarg`ı qurallar | | | | | Ustav kapitalı | 8911 | 8911 | 8911 | 8911 |
| Baslang`ısh qunı boyınsha | 42526 | 36096 | 23732 | 34784 | Rezerv kapitalı | 16047 | 12061 | 12047 | 22092 |
| Tozıw | 23721 | 22127 | 16421 | 22174 | Bo`listirilmegen payda | | 5902 | 3373 | 5642 |
| Qaldıq qunı boyınsha | 18801 | 13969 | 7311 | 12605 | Maqsetli tu`simler ha`m fondlar | 5902 | - | 3933 | 45 |
| | | | | | Kelesi da`wir paydası | | | | 9183 |
| **Bo`lim boyınsha ja`mi** | **18805** | **13969** | **7311** | **12605** | **Bo`lim boyınsha ja`mi** | **30860** | **26874** | **32264** | **45873** |
| **2. Aylanıs aktivleri** | | | | | **2. Minnetlemeler** | | | | |
| O`ndiris baylıqları | 12985 | 16742 | 11654 | 7676 | Satıp alıwshılar ha`m buyırtpashılar kelip tu`sken avanslar | | - | 14925 | 791 |
| | | | | | Kelesi da`wir qa`rejetleri | | | | 9183 |
| Pul qarjıları | 703 | 1020 | - | - | Kreditorlar; | | | | |
| Debitorlar | | | | | Ta`miynlewshiler | 1352 | 11370 | 97430 | 24207 |
| Satıp alıwshılar ha`m buyırtpashılar menen esap-kitaplar | 16704 | 31603 | 148321 | 48560 | Byudjet boyınsha qarızdarlıq | 3071 | 7018 | 5635 | 102 |
| Sın`ar ka`rxanalar menen esap-kitaplar | 3364 | 2910 | 9838 | 1729 | İs haqı boyınsha qarızdarlıq | 3047 | 2401 | 6340 | 4072 |
| **Bo`lim boyınsha ja`mi** | **33731** | **52275** | **569853** | **67148** | Sotsiallıq qamsızlandı-rıw ha`m ta`miynlew boyınsha qarızdarlıq | 8439 | 13090 | 1659 | 1809 |
| **Balans aktivi boyınsha ja`mi** | **52545** | **66244** | **177124** | **79753** | Byudjettren tıs qarjılar boyınsha qarızdarlıq | 884 | 2284 | 1409 | 830 |
| | | | | | Sın`ar ka`rxanalarg`a qarızdarlıq | 984 | 1476 | 2435 | - |
| | | | | | Assotsiirlengen ka`rxanalarg`a qarızdarlıq | 3904 | 1101 | - | - |
| | | | | | Basqa da kreditorlar | - | 630 | 15027 | 2069 |
| | | | | | **Bo`lim boyınsha ja`mi** | **21681** | **39370** | **144860** | **33980** |
| | | | | | **Balans passivi boyınsha ja`mi** | **52545** | **66244** | **177124** | **79753** |

tu`rlenip, olar pensiya fondı, Ma`mleket mu`lkin basqarıw ha`m isbilermenlikti qollap-quwatlaw komitetinin` arnawlı schetı, ha`mde jol fondı dep atalıwshı

fondlarg`a kiritiledi. Sonnan, finanslıq resurslardı byudjetke kiritiwden kelip shıg`ıp maqsetli ha`m maqsetsiz finanslıq resurslarg`a ajıratıw mu`mkin.

swmg`a azaydı. Bul tiykarınan debitorlıq qarızları ko`leminin` qısqarıwı esabınan boldı.

Keste-2.2.4 mag`lıwmatları sonnan derek beredi, 2008 jılda ka`rxananın` debitorlıq qarızı 2006 jılg`a salıstırg`anda 123646 mın` swmg`a 107870 mın` swmg`a azaydı, al kreditorlıq qarızı 2010 jılda 17200 mın` swmg`a debitorlıq qarızdan kem. Debitorlıq qarızı da`rejesinin` tu`siwi 31,8 qurag`anda, kreditorlıq qarızı 25,5 % ke tu`siwi baqlang`an. Debitorlıq ha`m kreditorlıq qarızları quramında o`zgerisler ju`z berdi. Debitorlıq qarızlarında sın`ar ka`rxanalardın` qarızları azayıwı menen satıp alıwshılar ha`m buyırtpashılardın` qarızları 2,8 % ke o`sti. Kreditorlıq qarızı quramında is haqı, sotsiallıq qamsızlandırıw ha`m byudjetten tısqarı qarjılar boyınsha basqa birewin kemeyttiriwge a`mel qılıp kelinbekte. Bul bir ta`repten finanslıq resurslar qaysı bir salıq tu`ri boyınsha kemeyttirilse ekinshi ta`repten salıqlar arqalı ekonomikanı ta`rtiplestiriw usılı sıpatında rolin ta`miyinleydi. Salıqlar ekonomikası basqarıwda ma`mlekettin` isengen rıchaglarınan biri bolıp xızmet qıladı.

Keste – 2.2.4

| | 2004 | | 2008 | | 2010 | | | 2004 | | 2008 | | 2010 | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Debitorlar | pul | salıst. salmaq | pul | salıstsal maq | pul | salıstsal maq | Kreditorlar | pul | salıst. salmaq | pul | salıstsal maq | pul | salıstsal maq |
| Satıp alıwshılar ha`m buyırtpashılar menen esap-kitaplar | 31603 | 91,3 | 148321 | 93,8 | 48560 | 96,6 | Jetkerip beriwshiler | 11370 | 28,9% | 97430 | 75,0% | 24207 | 73,2% |
| Sın`ar ka`rxanalar menen esap-kitaplar | 2910 | 8,4 | 9838 | 6,2 | 1729 | 3,4 | Byudjetke qarızdarlıq | 7018 | 17,8% | 5635 | 4,3% | 102 | 0,3% |
| **Ja`mi** | **34513** | **100** | **158159** | **100** | **50289** | **100** | İs haqı boyınsha qarızdarlıq | 2401 | 6,1% | 7340 | 4,9% | 4072 | 12,3% |
| ?aqıtı o`tken | 2827 | 8,2 | 2326 | 1,4 | - | - | Sotsiallıq qamsızlandırıw ha`m ta`miynlew boyınsha qarızdarlıq | 13090 | 33,2% | 1659 | 1,3% | 1809 | 5,5% |
| | | | | | | | Byudjetten tıs qarjılar boyınsha qarızdarlıq | 2284 | 5,8 | 1409 | 1,1% | 830 | 2,5% |
| | | | | | | | Sın`ar ka`rxanalarg`a qarızdarlıq | 1476 | 3,7 | 2435 | 1,9% | - | |
| | | | | | | | Assotsiirlengen ka`rxanalarg`a qarızdarlıq | 1101 | 2,8% | - | | - | |
| | | | | | | | Basqa da kreditorlar | 630 | 1,6% | 15027 | 11,6% | 2069 | 6,3% |
| | | | | | | | **Ja`mi** | **39370** | **100%** | **129935** | **100%** | **33089** | **100%** |

Finanstı basqarıwdı tuwrı sho`lkemlestiriw olardan na`tiyjeli paydalanıwdı belgilep beredi.

Birinshi gezekte finanstı basqarıw sub`ektleri ta`repinen jumıstı qanday ta`rizde sho`lkemlestirilgenligi operativ basqarıw organları jumısına tuwrıdan – tuwrı ta`sir qıladı. Usıg`an tayang`an xalda finanslıq apparattın` abıroyı bir qansha joqarı bolıwı kerek. Bolmasa, finanslıq du`zilme xızmetkerlerdin` ko`nlikpesi ha`m qa`nigeligine bolg`an joqarı talaptı a`melge asıra almaydı ha`m finanstı basqarıwda kriziske ushıraydı.

Finanstı basqarıwdı qayta quriwdın` oraylıq buwınları bolıp, jergilikli territoriyalıq sub`ektlerdin` erkin finans siyasatın ju`rgiziwdi ta`miyinlew bolıp esaplanadı. 1999-jılda jergilikli byudjetler da`ramatı ma`mleket da`ramatının` 60% ten joqarısın quramaqta. Ko`rsetkish finanstı basqarıwdag`ı birinshi jaqsı na`tiyje bolıp esaplanadı.

Finanslıq rejelestiriwdin` ob`ekti bolıp, xojalıq sub`ektleri ha`m ma`mlekettin` finanslıq aktivligi esaplanadı. Ha`r bir xojalıq sub`ekt finanslıq rejesin du`zedi. Yag`nıy bul jeke uyımnın` smeta qa`rejetlerinen baslap ma`mlekettin` jıyılma finans balansına shekem o`z ishine alatug`ın a`hmiyetli protsess bolıp esaplanadı. Ha`r qanday finans rejesinde ma`lim bir da`wirge mo`lsherlengen ha`mde finans ha`m kredit dizimi menen baylanıslı bolg`an da`ramatlar ha`m qa`rejetler anıqlanadı.

Ulıwma alg`anda finans diziminin` ba`rshe taraw ha`m buwınlarında jumıslardan kelip shıg`ıp finanslıq rejeler du`ziledi. Ma`selen: sawda tiykarında jumıs ko`rsetetug`ın xojalıq sub`ektleri da`ramatlar ha`m qa`rejetler balansı sawda emes tiykarında jumıs ko`rsetip atırg`an uyımlar bolsa smeta qa`rejetleri ko`rinisinde finanslıq reje du`zedi.

Finanslıq rejelestiriwdin` anıq wazıypaların finans siyasatı anıqlap beredi. Olar quramına to`mendegiler kiredi: rejeli tapsırıqlardı orınlaw ushın za`ru`r bolg`an finanslıq resurslar mug`darı ha`m olardın` derekleri qa`rejetlerin ekonomikalastırıw ha`m da`ramat rezervlerin asırıwdı anıqlaw. Oraylastırılg`an

ha`m oraylaspag`an fondlar ortasındag`ı bo`listiriwlerdi optimal jolların qıdırıp tabıw ha`m tag`ı basqalar.

Finanslıq rejelestiriw bir neshe metodlarg`a tayang`an xalda a`melge asırıladı. Solardan tiykarg`ıları bolıp to`mendegiler esaplanadı:

1. Ekstrapolyatsiya usılı;
2. Normativ usılı;
3. Matematikalıq modellestiriw usılı.

Ekstrapolyatsiya usılının` ma`nisi sonda, o`tken esabat da`wirinin` finanslıq na`tiyjelerden juwmaq shıg`arıp kelesi esabat jılı ushın finanslıq rejeni du`ziwdi ko`zde tutadı. Finanslıq ko`rsetkishlerdin` prognoz ha`m rejeli esap kitapları tu`rli usıllardan paydalanıwg`a tiykarlanadı. Ekstrapolyatsiya usılı finanslıq ko`rsetkishler ha`m olardın` dinamikalıq o`zgerislerge tiykarlanadı. Finanslıq ko`rsetkishler esabat jılındag`ı ko`rsetkishler tiykarında a`melge asırıladı.

Normativ usılda belgilengen norma ha`m normativlerden paydalanıw ko`zde tutıladı. Ma`selen, byudjet uyımlarında 1 klassta neshe bala oqıwı kerek ha`m basqalar.

Matematikalıq modellestiriw usılında real ekonomikalıq ha`m sotsiallıq protsesslerdi ta`kirarlawshı finanslıq modeller du`ziw arqalı a`melge asırıladı. Finanslıq resurslardı dereklerin olardan paydalanıw menen muwapıqlastırıw tiykarında rejelestiriw protsess balansı usılı esaplanadı.

Maqsetli fondlar da`ramatların tu`rlendiriwshi finanslıq resurslardı ma`mleket byudjeti da`ramatların tu`rlendiriwdegi ornı a`hmiyetli. Sol sebepli olardın` fondlarının` ja`mi ma`mleket byudjeti da`ramatlarındag`ı u`lesi jıl sayın o`siwi baqlanadı. Jumıs penen ba`ntlik fondının` da u`lesi 1 % a`tirapında bolsa da onın` jıl sayın o`sip barıwı gu`zetiledi. Jol fondı da`ramatları da 2-2,5 % a`tirapında u`leske iye bolg`an xalda bul fondının` da ja`mi byudjet da`ramatları ha`m maqsetli fondtag`ı u`lesi asıp barmaqta.

Finanslıq resurslardı ulıwma ma`mleket ishinde sho`lkemlestiriw usıllarınan ken` tarqalg`anlıg`ı bul ma`mleket ha`m jergilikli byudjetler esaplanadı, biraq basqa bir qatar faktorlar byudjetten tısqarı fondlar paydalanıwdı maqsetke

muwapıqlıg`ın ta`miyinlep berdi. Finanslıq resurslardı shegaralang`anlıg`ı, qa`legen waqıtta olardı qayta bo`listiriw za`ru`rligin ju`zege keltiredi.

Ma`mleket byudjetinin` da`ramatları anıq qa`rejet tu`rine biriktirilmegenligi ushın ko`p ta`repten ka`rejetlerdin` ha`reketshenligine imkan jaratadı. Lekin ha`reket bo`limlerinde qa`rejetlerdi mu`ta`jden artıg`ıraq birinen ekinshisine alıp qoyıw mu`mkin emes.

Sonın` ushın da, rawajlanıwdın` ju`da` a`hmiyetli bo`limlerin anıqlap ha`m tu`sken qa`rejetlerdi sol maqsetlerge bag`darlandırıw ha`m paydalanıwdı ta`miyinlew za`ru`r. Byudjet qa`rejetlerinen paydalanıwdı hu`kimet organları ta`repinen nızam tiykarında tastıyıqlap berse de, byudjetten tısqarı fondlar bolsa orınlawshı organları ta`repinen belgilenedi.

Solay etip, ekinshi jag`daydag`ı byudjetten tısqarı fondlar menen bir qansha operativ rejimde paydalanıwdın` imkaniyatı bar. Bunnan tısqarı nızam tiykarında tastıyıqlang`an byudjet parlamenti ta`repinen qadag`alanıp barılsa byudjetten tısqarı fondlar parlament ta`repinen qadag`alanıp barılmaydı. Bul byudjetten tısqarı fondlardın` ekonomikalıq sharayatına operativ sa`ykeslesiwin bildiredi.

Ha`zirgi waqıtta qabıl etilgen «Byudjet dizimi tuwrısı»ndag`ı O`zbekstan Respublikası nızam rejesinde byudjet dizimine byudjetler ha`m maqsetli fondlarda da`ramat derekleri ko`rsetip berilgen.

Og`an muwapıq ma`mleket byudjeti da`ramatları nızamlı ta`rtipte belgilengen salıqlar jıyımlar bajılar sonday-aq ma`jbu`riy to`lemler ha`mde salıq bolmag`an basqa tu`simler ma`mleket finanslıq aktivleri ha`m basqa aktivler jaylastırılıwın paydalanıwg`a beriliwi ha`m satılıwdan alıng`an da`ramatlar nızam hu`jjetlerine muwapıq miyras alıw, ha`mde sawg`a etiw huqıqı boyınsha ma`mleket mu`lkine ha`m o`tken pul qa`rejetleri, yuridikalıq ha`m fizikalıq shaxslardan sonday-aq shet el ma`mleketlerinen kelgen qaytarılmaytug`ın pul tu`simleri rezident yuridikalıq shaxslarg`a ha`m shet el ma`mleketlerine berilgen byudjet ssudalarına qaytarıw esabına berilgen to`lemlerge nızam menen tastıyqlanbag`an basqa da`ramatlar esabına tu`rlenedi.

Bazar qatnasıqları sharayatında ha`m ka`rxanalardın` o`z jumısının` g`a`rezsizligi sharayatında finanslıq jag`dayın anıqlaw finanslıq perspektivalarg`a ha`m imkaniyatlarına mo`lsherlew (bank kreditlerin alıw, shet el investitsiyaların kiritiw) basqa xojalıq sub`ektlerinin` finanslıq jag`dayın bahalaw za`ru`rligi ju`zege keledi. Ka`rxana o`zinin` ishki finanslıq strategiyasın islep shıg`ıwg`a mu`ta`j boladı.

Finanslıq strategiya – bul ka`rxananı pul qa`rejetleri menen ta`miyinlew boyınsha ha`reketlerinin` bas rejesi esaplanadı. Ol bazar xojalıg`ı sharayatında ka`rxananın` finanslıq bekkemliligin ta`miyinlew boyınsha ma`selelerdi ka`rxananın` finansın ta`miyinlew boyınsha teoriya ha`m a`meliyatı boyınsha wazıypalardı o`z ishine aladı.

Jan`a sharayatta jumıs ko`rsetiw usılları ha`m tu`rlerin islep shıg`aradı. Strategiyalıq finanslıq operatsiyalardı ju`ritiw ha`m tayarlaw usılların islep shıg`adı.

Ka`rxananın` finanslıq strategiyası o`zine to`mendegilerdi o`z ishine aladı: finanslıq jag`dayı analizi; tiykarg`ı ha`m aylanba qa`rejetlerdi paydanın` bo`listiriliwin, naqsiz esap kitaplardı, salıq ha`m baha siyasatı, qımbat baha qag`azlar boyınsha siyasattı optimallastırıw.

Ma`lim, bazar ekonomikası sharayatında sha`rt - sharayatlar o`zgeriwshen`liginin` tezligi ka`rxanalar ta`repinen jasap qalıw ha`m rawajlanıwdın` strategiyalıq bag`darların tan`law za`ru`rin tuwdıradı. Ha`r ta`repleme oylap, ha`r ta`repleme pısıq ha`m an`lı islep shıg`arılg`an strategiya ka`rxanag`a o`z rawajlanıwının` finanslıq imkaniyatların tuwrı bahalaw ha`m o`z jumısın perspektivalı ilgerilete alıw ushın sharayatlar jaratadı.

Finanslıq strategiya degende bizin` pikirimizshe ka`rxanada turaqlı joqarı payda da`rejesin, zakazlar portfelinin` o`siwin likvidlik ha`m risk derejesinin` saqlanıwın ta`miyinlewge qaratılg`an finanslıq resurslardan aqılg`a muwapıq paydalanıwdın` uzaq mu`ddetli bas da`stu`ri tu`siniledi.

Finanslıq strategiya da`slep, ka`rxana finanslıq turaqlılıg`ın ta`miyinlewge qaratılg`an. Ka`rxana finanslıq strategiyası ka`rxananı basqarıwdın` finanslıq ha`m

strategiyalıq ta`replerinin` teren`lesiwi bolıp ka`rxana finanslıq rawajlanıwının` uzaq keleshektegi bas bag`darın su`wretleydi.

Strategiya finanslıq basqarıw mashqalaların qoyılıwına strategiyalıq jandasıw ha`m sol mashqalalardı sheshiwge da`stu`riy maqsetli jandasıwdı birlestiredi.

Finans strategiya quramlı bo`limleri ishki baylanısqa iye boladı: a) finanslıq strategiya finanslıq maqsetler, olarg`a erisiw quralları; b) finanslıq strategiya tu`rli funktsional elementlerdin` ka`rxana jumısın ta`miyinlewge qaratılg`an birgeliktegi ha`reket bolıp esaplanadı.

**Ha`zirgi waqıtta kishi biznes sub`ektlerinde unamlı makroekonomikalıq jag`day qurıw, nızamlıq ha`m normativlik bazanı jetilistiriw, sho`lkemlestiriw metodologiyalıq qollap-quwatlaw tiykarınan respublikalıq darejede a`melge asırıladı. Sonın` menen birge kishi ha`m orta isbilermenlik sub`ektlerin du`ziwde xoshametlew boyınsha tiykarg`ı funktsiyalar, olardın` ha`reketinin` na`tiyjeliligin ko`teriw jolı menen tuwrıdan-tuwrı** İsbilermenlik strukturaların finanslık resurslarg`a ken` mu`mkinshiligin ta`miyinlew ushın, a`sirese, xalıq aralık finanslıq sho`lkemler ha`m institutlar baylanısı boyınsha kelesi jıllarda finanslıq kreditlik ha`m investitsiyalıq mexanizmlerdi jetilistiriwge bag`darlangan usıllardı a`melge asırıwdı belgilep o`tiw za`rur, ma`mleketlik qollap-quwatlaw, jeke kapitaldın` investitsiyalıq resursları, jeke jıynalg`an kishi ka`rxanalar ha`m sırt el kreditleri qarjıların optimal turde esapka alıp, to`mendegi kesteg`a respublikamız aymag`ındag`ı territoriyalar boyınsha 2006–2010 jıllarg`a kishi ha`m orta ka`rxanalardın` sanının` o`siwin boljawdı ko`shiremiz (2.2.5-keste).

Boljap atırg`an da`wirde sonday-aq za`rur shiyki zat ha`m materiallar nomenklaturaların ken`eytiw boyınsha ilajlardı a`melge asırıw, yarmarkalıq sawdada satılatug`ın awıl xojalıq o`nimlerin sonın` ishinde janılg`ı materialların, shiyki zat ha`m materiallardın` basqa tu`rlerin o`ndiriw boyınsha monopolist ka`rxana o`nimlerin tovar shiyki zat bazarlarında satıw ko`lemin ken`eytiw

2.2.5-keste

2006-2010 jılg`a Respublikanın JİO` de kishi ha`m orta karxanalar kolemi ulesinin kobeyiwin boljaw, %

| Territoriyalar | 2005 | 2006 | 2007 | 2008 | 2009 | 2010 |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Respublika boyınsha | 14,4 | 17,5 | 18,7 | 20,8 | 22,9 | 25,0 |
| Sonnan: | | | | | | |
| Karakalpakstan Respublikası | 12,3 | 15,0 | 17,6 | 20,7 | 22,9 | 25,5 |
| Andijan | 11,9 | 14,7 | 17,6 | 20,5 | 23,3 | 26,2 |
| Buxara | 14,6 | 16,6 | 18,7 | 20,8 | 22,8 | 24,9 |
| Jizzax | 14,0 | 16,0 | 18,0 | 19,9 | 21,9 | 23,9 |
| Kashkadar`ya | 10,0 | 12,8 | 15,7 | 18,5 | 21,3 | 24,1 |
| Nauayı | 9,3 | 12,3 | 15,4 | 18,4 | 21,4 | 24,4 |
| Namangan | 13,0 | 15,5 | 18,0 | 20,4 | 22,9 | 25,4 |
| Samarkand | 14,1 | 17,5 | 18,8 | 21,1 | 23,5 | 25,8 |
| Surkandar`ya | 14,6 | 16,6 | 18,7 | 20,7 | 22,8 | 24,8 |
| Sırdar`ya | 13,4 | 15,7 | 18,1 | 20,4 | 22,8 | 25,1 |
| Tashkent oblastı | 12,5 | 14,9 | 17,4 | 19,9 | 22,3 | 24,8 |
| Fergana | 13,9 | 16,1 | 18,3 | 20,4 | 22,6 | 24,8 |
| Xorezm | 12,2 | 14,4 | 16,7 | 18,9 | 21,2 | 23,4 |
| Tashkent kalası | 21,1 | 22,4 | 23,6 | 24,8 | 26,1 | 27,3 |

kollap-kuwatlaw jergilikli xu`kimet ha`m basqarıw organlarına ju`klenedi.

esabınan sırt el kreditlik tarmaqlar boyınsha eksportqa bag`darlang`an proektlerdi a`melge asırıwshı kishi ha`m orta isbilermenlik sub`ektlerine

**2.2.6-keste**

2006-2010 jıllarg`a kishi ha`m orta ka`rxanalardı qurıwdı boljaw

| Territoriyalar | 2005 jılı | Boljaw | | | | | 2006-2010 jıllar juwmag`ı |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 2006 j. | 2007 j. | 2008 j. | 2009 j. | 2010 j. | |
| Respublika boyınsha | 22,167 | 35,28 | 43,00 | 50,00 | 56,00 | 60,00 | 270,27 |
| Sonnan: | | | | | | | |
| Qaraqalpaqstan Respublikası | 0,884 | 1,55 | 1,90 | 2,21 | 2,47 | 2,65 | 11,93 |
| A`ndijan | 1,488 | 2,85 | 3,50 | 4,07 | 4.56 | 4,88 | 21,98 |
| Buxara | 2,680 | 3,60 | 4,42 | 5,14 | 5.75 | 6,16 | 27,44 |
| Jizzax | 1,589 | 1,90 | 1,98 | 2.31 | 2.58 | 2,77 | 13,40 |
| №ashqada`r`ya | 0,848 | 1,63 | 2,01 | 2.33 | 2.61 | 2,80 | 12,60 |
| Nawayı | 0,891 | 1,60 | 1,96 | 2.28 | 2.56 | 2,74 | 12,33 |
| Namangan | 2,061 | 2,67 | 3,29 | 3,82 | 4,28 | 4,59 | 20,64 |
| Samarqand | 1,272 | 1,46 | 1,79 | 2,08 | 2,33 | 2,50 | 11,26 |
| Surxanda`r`ya | 1,305 | 2,45 | 3,01 | 3,50 | 3,92 | 4,20 | 18,89 |
| Sırda`r`ya | 1,473 | 1,46 | 1,79 | 2,08 | 2,33 | 2,50 | 11,26 |
| Tashkent wa`layatı | 2,036 | 2,61 | 3,20 | 3,72 | 4,17 | 4,47 | 20,10 |
| Fergana | 1,943 | 2,62 | 3,22 | 3.75 | 4,20 | 4,50 | 20,23 |
| Xorezm | 1,112 | 2,88 | 3,54 | 4.12 | 4,61 | 4,94 | 22,24 |
| Tashkent qalası | 2,585 | 6,01 | 7,38 | 8,59 | 9,62 | 10,30 | 46,00 |

o`ndirislik ka`rxanalarg`a shiyki-zat; materiallar satıp alıwda ja`rdem ko`rsetiw haqqında mag`lıwmatqa kishi biznes sub`ektlerinin` mu`mkinshiligin

ken`eytiw boyınsha ilajlardı asırıw texnologiyalıq u`skeneler, sırt el texnologiyaların o`z ishine alg`an jag`dayda turaqlı ha`reket etiwshi ko`rgizbe ha`m yarmarkalardı sho`lkemlestiriw (2.2.6-keste).

Ka`rxanalar ba`sekilesligin basqarıwdın` a`hmiyetli tiykarların biri finanslıq analiz bolıp esaplanadı.

Jaqın waqıtlarg`a shekem ekonomikalıq a`debiyatlarda rentabellik (satıw ko`lemine, aktivler qunına ha`m basqalar) qarız (qısqa mu`ddetli ha`m ulıwma) likvidlik (to`lewge qa`biletlilik) ha`m aylanbalı islep shıg`arıw zapasları aylanba qa`rejetler aylanıw tezligi (fond qunı) sıyaqlı koeffitsientlerdi esaplaw tiykarında analizdin` standart metodı jaratılıp kelinedi. Bizin` pikirimizshe finanslıq analizdin` standart uslubı ha`zirgi ku`nde qatar kemshiliklerge iye bolıp tabıladı.

1. Sırt el a`debiyatlarda 200 den artıq finanslıq koeffitsientler analizlenedi. Olardan 100-150 kishi ha`m orta ka`rxanalar ushın menejmenttin` komp`yuterlestirilgen dizimde paydalanılmaqta. Sol ko`rsetkishlerdi qayta islew ha`m analiz etiwdin` 20-30 usılları qollanılmaqta. Esap diziminin` ha`mde komp`yuterlestiriw rawajlanıwdın` jag`dayı bizin` ka`rxanalarımız sharayatında tek 5-7 finanslıq koeffitsient ha`m olardı qayta isletiwinin` 2-3 tu`ri usılınan paydalanıp atırg`anlıg`ın bahalaydı. Bul bolsa o`z gezeginde ka`rxana finanslıq jag`dayın ha`r ta`repleme ob`ektiv bahalaw ushın jeterli bolmaydı.

2. Buxgalteriya esabı mag`lıwmatlarına tiykarlanıp analiz operativ bola almaydı, sebebi bunda ka`rxananın` kelesi rawajlanıw keleshekleri emes, ba`lki tek o`tken da`wirdegi finanslıq jumısı (o`tken jıl kvartal, ay esabı mag`lıwmatları) bahalanbaqta. Tiykarg`ı mashqala, sonda rentabellik ha`m basqalar haqqındag`ı buxgalteriya esabatı mag`lıwmatları ka`rxanada pul ag`ımları ma`jbu`riyatların o`z waqtında to`lew islep shıg`arıwdı ken`eyttiriw imkaniyatları ka`rxana jumısın ulıwma finanslıq na`tiyjelerge ha`r qaysı bo`linbe yaki tarawdın` u`lesleri haqqında anıq ko`riniske iye bolıw imkaniyatın bermeydi.

## Tema: Kishi biznes sub`ektlerinde finans qarjıların basqarıwdı sho`lkemlestiriw jolları

I. Sabaqtın’ maqseti:

Ekonomikaliq reformalardi teren`lestiriw da`wirinde ha`zirgi bazar ekonomikası sharayatında kishi biznes sub`ektlerinde finanslıq resurslardı basqarıwdı sho`lkemlestiriwdi ha`m olardın` na`tiyjeliligin asırıwdın` tu`rlerin jaratıw ha`mde finanslıq rusurslardı qadag`alawdı sho`lkemlestiriwden ibarat.

II. Sabaqta tu’sindiriliwi tiyis bolg’an tiykarg’ı atama ha’m tu’sinikler:

- Bazar ekonomikası sha`rayatında kishi biznes sub`ektlerinde finanslıq qarjılardı basqarıwdı sho`lkemlestiriw tiykarları ;
- Kishi biznes sub`ektlerinin` finanslıq qarjılarının` sho`lkemlestiriwshi-ekonomikalıq ko`rsetkishi ha`m olardın` analizi;
- Kishi biznes sub`ektlerinde finanslıq qarjılardı basqarıwdın` sho`lkemlestiriwshilik du`zilisi ;

III. Sabaq ushın za’ru’r buyımlar ha’m mag’lıwmat derekleri:

- 9 – klass sabaqlıg’ı

IV. Sabaqtın’ basqıshları ha’m waqıttın’ bo’listiriliwi:

| | | |
|---|---|---|
| 1 | Sho’lkemlestiriw bo’limi | 2 minut |
| 2 | Jan’a temanı baslawg’a tayarlıq | 5 minut |
| 3 | Jan’a temanı tu’sindiriw:<br>a) pikir alısıw<br>b) o’z betinshe jumıs;<br>d) analizlew;<br>e) juwmaq | 27 minut<br>5 minut<br>10 minut<br>7 minut<br>5 minut |
| 4 | Jan’a temanı bekkemlew | 5 minut |
| 5 | Sabaqtı juwmaqlaw | 3 minut |
| 6 | U’yge tapsırma | 3 minut |

V. Sabaqtın’ basqıshları:

1. Sho’lkemlestiriw bo’limi

Sa’lemlesedi. U’yge tapsırma tekseriledi.

2. Jan’a temanı baslawg’a tayarlıq

Sabaq bazar ekonomikası sha`rayatında kishi biznes sub`ektlerinde finanslıq qarjılardı basqarıwdı sho`lkemlestiriw tiykarlarına sıpatlama beriw menen baslanadı.

Respublikamızda kishi biznesti rawajlandırıw boyınsha g`arezsizlikke eriskennen baslap ko`p ilajlar alıp barılmaqta. Onı qollap-quwatlaw ha`m nızamlı qorg`aw boyınsha bir neshe normativ hu`jjetler, nızamlar Prezident pa`rmanları, Ministrler Kabinetinin` qararları qabıl etildi.

Kreditlestiriw siyasatı aytarlıqtay o`zgertilgen, bul protsess an`satlastırıldı, mu`ddeti 30 aydan u`sh jılg`a sozıldı, sırt el valyutasına kreditlestiriwge ruxsat etildi, qaytarılıwı milliy valyutada a`melge asırılıwı mu`mkin x.t.b.

3. Jan’a temanı tu’sindiriw.

Ha`r bir ma`mlekette, sonın` ishinde O`zbekstan Respublikasında ekonomikanı ko`teriwde ha`m islep shıg`arıw ka`rxanaların rawajlandırıwda finanslıq qarjıları a`hmiyeti ayrıqsha bolıp rol` atqaradı.

Solay eken, bazar ekonomikası sha`rayatında kishi biznes sub`ektlerinin` aktivligi qanday jag`dayda bolıwı ha`m rawajlanıwı o`zine baylanıslı, yag`nıy ha`r bir ka`rxana qanday o`nim islep shıg`arıw, qanday bahalarda satıwdı ha`mde kimge satıwdı o`zi sheshedi. Ha`zirgi zaman a`meliyatı sonı ko`rsetedi, kishi biznes sub`ektlerinin` rawajlanıp barıwı ka`rxananın` finanslıq jumısına jeterli da`rejede itibar qaratıwdı talap etpekte, sebebi ka`rxananın` jumıs ko`rsetkishi payda alıwı za`ru`r. Ka`rxana o`z qa`rejetlerin materiallıq-ruwxıy resurslarg`a iye bolıwı ushın ha`zirgi bazar ekonomikası sharayatında jan`a dereklerdi izlep tapqan jag`dayda bar resurslardı ekonomikalıq na`tiyjeli tarawlarg`a bag`darlawı za`ru`r. Bunnan tısqarı ruwxıy resurslardı sho`lkemlestiriw dereklerin na`tiyjeli paydalanıwı tiyis. Bul aytıp o`tilgen pikirlerdin` ba`rshesi kishi biznes sub`ektlerinde finanslıq qarjıların basqarıwdı sho`lkemlestiriw tiykarların u`yreniwdin` aktuallıg`ın ta`riypleydi.

Ka`rxanalar finanslıq qatnasıqları quramına qayta islep shıg`arıw qatnasıwshıları ortasında ju`zege keletug`ın pul qatnasıqların atap o`tın`?

1. Ka`rxanalar dizimindegi tu`rli mu`lk tu`rlerine tiykarlang`an islep shıg`arıwdı payda etiw ha`m basqarıw tu`rleri ortasında tu`rli pul fondları ha`m da`ramadlardın` payda bolıwı, bo`listiriliwi ha`m isleniwi ju`zesinen qatnasıqlar: ka`rxanalar islep shıg`arıw fondlarının` oborot aylanıwın ta`miyinlew ha`m qayta islep shıg`arıwdag`ı qatnasıqlar; ka`rxana ha`m onın` xızmetkerleri ortasındag`ı miynetke haqı to`lew fondının` tu`rleniwi, premiya ha`m xoshametlew fondların payda etiw, jumsaw protsessindegi qatnasıqlar ha`mde ken`eyittirilgen qayta islep shıg`arıw qa`rejetlerin finans penen ta`miyinlew ushın qımbat bahalı qag`azlar shıg`arıw menen baylanıslı operatsiyalar.

2. Ka`rxanalar ha`m olardın` tu`rli birlespeleri ortasındag`ı qatnasıqlar; oraylasqan pul fondlarının` payda bolıwı ha`m jumsalıwı protsessindegi pul qatnasıqları; kapital qoyılmalar, kapital remonttı qarjı menen ta`miyinlew paydanın` qayta bo`listiriliwi ha`m basqa finanslıq resurslardın` tu`rleniwi ha`m jumsalıwı menen baylanıslı.

3. Ka`rxanalar ha`m ma`mleket ortasındag`ı qatnasıqlar:

- ma`mleket ha`m tiyisli mekemeler ta`repinen finanslıq ma`selelerdi ta`rtipke salıw;
- ma`mleket byudjetine to`lemler ha`m salıqlardı, qamsızlandırıw to`lemlerin to`lewdegi;
- kapital qoyılmalardı finans penen ta`miyinlew, innovatsiya aktivlikti qoshametlew;
- ka`rxanag`a ma`mleket a`hmiytindegi jeke reje boyınsha nızamda ko`rsetilgen maqsetlerge dotatsiya (yaki subsidiya) beriwdegi ha`m basqalar.

4. Ka`rxanalar ha`m sawda bankleri ortasındıg`ı qatnasıqlar:

5. Ka`rxana ha`m ka`siplik awqamları ortasındag`ı qatnasıqlar: sotsiallıq qamsızlandırıw qarjılar ajıratıw protsessindegi; ka`rxana ta`repinen jollanbalar satıp alıw protsessindegi qatnasıqlar. Bunı jeke aytıp o`tiw kerek, bazar

qatnasıqları rawajlanıp barıwı menen, ka`rxanalar finans qatnasıqlarının` quramı ha`m ja`ne de o`zgerip baradı.

Sonın` ushın ka`rxanalar rawajlanıwı protsessinde onın` finanslıq aktivligi quramlı bo`limdegi o`zgerislerdi ta`biyiy bir tu`r sıpatında qaraw kerek. Ka`rxanalar rawajlanıwı ha`m finans qatnasıqlarının` tu`rleniwi o`z-ara baylanıslı mashqalalardan esaplanadı.

Ekonomikanın` tu`rli mu`lk ha`m xojalıq ju`ritiw tu`rlerinen ken` paydalanıwg`a o`tiwi, menshik isbilermenlik ha`m kishi biznestin` rawajlanıwı menen finans qatnasıqları ha`m bazar talapları tiykarında rawajlanıwı ushın a`hmiyetli tu`rtki boldı. Sonın` menen birge finans qatnasıqları kishi biznes rawajlanıwın xoshametlewdin` a`hmiyetli richaglarına iye bolıp esaplanadı. Bul na`rse bolsa, sonın` menen baylanıslı ka`rxanalar dizimi ishinde jetilisken bo`listiriw diziminin` jaratılıwı na`tiyjesinde oraylasqan ha`m rezerv fondlarının` payda bolıwı arqalı ken`eyttirilgen qayta islep shıg`arıw imkaniyatlarının` ja`nede bekkemleniwine erisiwi ha`mde tu`rli salıq jen`illiklerinin` qollanılıwı maqsetinde ka`rxanalar kelesi rawajlanıw ushın qolay ekonomikalıq sharayatlar jaratıladı.

Ha`zirgi waqıtta kishi biznesti rawajlandırıw Respublikada duziliwdin en` bir tiykarg`ı bag`darı boldı. Kishi biznesti rawajlandırıw ekonomikalıq potentsialdı jaqsı paydalanıwg`a mu`mkinshilik beretug`ının biykarlawg`a bolmaydı.

Kandayda bir jag`dayda xojalıq strukturaların byurokratizatsiya ha`m qatıp qalıwdan saqlaydı, tez o`zgeriwshi sırtqı ha`m ishki jag`daylarg`a olardın` iykemligi ha`m qolaylasıwın joqarılatadı.

Joqarıdag`ı maksetlerge erisiw ushın jan`a kishi ha`m orta ka`rxanalardı qurıwg`a, xoshametlewge bag`darlang`an, ha`rekettegilerdin` na`tiyjeliligin ko`teriw, o`ndirislik ha`reket tu`rlerin ken`eytiw ta`repine ha`m qolaylı isbilermenlik qatlamın yamasa klimatın qurıwda strukturalıq qurılıwdı a`melge asırıwda usıllar kompleksin a`melge asırıw kerek:

- kishi ha`m orta isbilermenlikti kollap-kuwatlawda finans-kreditlik sistemanı jetilistiriw, kreditlik resurslar ha`m investitsiyalardan paydalanıwdı ken`eytiw;

- kishi ha`m orta biznes ka`rxanaların qurıw ha`m ha`reketinin` normativlik huquqlıq bazasın jetilistiriw;

- kotere sauda sistemasın rawajlandırıw, kishi ha`m orta isbilermenlik sub`ektlerinin` shiyki zatlarg`a, u`skenelerge, texnologiyalarg`a , awısıq bo`leklerge mu`mkinshiligin ken`eytiw;

- kishi ha`m orta biznes ka`rxanaların qurıw ha`m olar ushın kadrlardı tayarlaw, kayta tayarlaw ha`m ta`jiriybesin ko`teriw sistemasın rawajlandırıw;

- olardın` ha`reketinin` uchetı ha`m analiz ko`rsetkishler sistemasın jetilistiriw.

Kishi ha`m orta biznes ka`rxanalarına xızmet ko`rsetiwdi jetilistiriw ushın birja ta`repinen usınılatug`ın xızmetlerin differentsiyalaw ha`m diversifikatsiyalaw menen birja ha`reketlerin jetilistiriw za`rur, birjalıq ha`m yarmarkalıq sawdanın` nızamlıq ha`m normativlik huquqıy bazasın jetilistiriw.

Respublikamız ekonomikasındag`ı reformalardı a`melge asırıwdag`ı baslı rollerdin` biri kishi ha`m orta biznesti rawajlandırıw atqaradı ha`m bunın` na`tiyjesinde menshik iyeleri klassı du`ziledi. Olar o`z-o`zinen ilimiy texnikalıq progressti tezletiwge jan`a texnologiyalardı a`melge asırıwg`a tezirek alıp keledi.

Son`g`ı jılları respublikamızdın` ekonomikasın rawajlandırıwda baslı bag`dar etip, kishi ha`m orta biznestin` rolin arttırıw ha`m onın` ushın barlık mu`mkinshiliklerdi jaratıp beriw ilajların a`melge asırıw wazıypaları qolg`a alınbaqta.

Bul sub`ektlerdin` ha`reketin analizlew na`tiyjesinde to`mendegidey juwmaqqa kelemiz:

- awıl xojalıg`ı, sawda ha`m ja`miyetlik awqatlanıw tarawlarında mikrofirmalar qurılısta, kishi ha`m orta ka`rxanalar sanaatta tek orta ka`rxanalardın` xojalıq xızmetleri na`tiyjeli bolıp esaplanadı;

- eksporttın` en` jokarı o`siw pa`tleri respublikamızda mikrofirmalar ha`m kishi ka`rxanalarda baqlanbaqta;

- lizingti rawajlandırıw tiykarında zamanago`y texnika ha`m texnologiyalar bazasın du`ziw arqalı ka`rxanalardı qayta qurallandırıw, kishi ha`m orta biznesti

finanslastırıwda banklerdin` qatnasın ken`eytiw; sebebi lizinglik kompaniyalardı sho`lkemlestiriwde baslang`ısh kapital jetispeydi ha`m lizinglik xızmetler haqqında informatsiyalıq ta`miynlew boyınsha infrastrukturalar du`ziw za`rur.

Respublikamızda kishi biznesti rawajlandırıw boyınsha g`arezsizlikke eriskennen baslap ko`p ilajlar alıp barılmaqta. Onı qollap-quwatlaw ha`m nızamlı qorg`aw boyınsha bir neshe normativ hu`jjetler, nızamlar Prezident pa`rmanları, Ministrler Kabinetinin` qararları qabıl etildi.

İsbilermenlik proektinin` ekonomikalıq-texnikalıq tiykarı qandau ta`rtipte a`melge asırıladı?

1. ka`rxana keleshegi haqqında da`slepki mag`lıwmatlar jıynaladı ha`m bul mag`lıwmatlarg`a islep beriledi;

2. isbilermenlik ideyasın a`melge asırıwdag`ı qa`rejet esaplanadı. Bug`an isbilermenlerdi yaki ka`rxanalardı dizimnen o`tkeriwge, o`ndiris bazasın du`ziwge, o`nimdi islep shıg`arıwg`a ha`m onı satıwg`a ketetug`ın qa`rejetlerge bag`darlang`an pul quralları kiredi.

Kishi ha`m orta biznestin` isbilermenlik sistemaların dizimnen o`tkeriw hu`jjetleri du`ziwshi hu`jjetler kompleksin tayarlaw, yuridikalıq yamasa fizikalıq shaxs huqıqlarına iye bolıw, dizimnen o`tiw, ma`mleketlik bajını to`lew, esap-betin ashıw, mo`r ha`m shtamp, blankalar tayarlaw, ustav kapitalın ju`zege keltiriw menen baylanıslı.

O`ndiris bazasın du`ziwge bag`darlang`an ustav qarjısı to`mendegi bag`darlarda esapqa alınadı: proektten aldın`g`ı izleniwler; proektlestiriw, imarat qurılısları yaki ijarag`a beriw; a`spab ha`m u`skeneler; orgtexnika; mebel` ha`m inventorlarg`a ketken qa`rejetler.

O`nimnin` o`zine tu`ser bahasın qa`liplestiriwshi ha`m basqarıwshı qa`rejetler o`z ishine to`mendegilerdi aladı: u`skenelerdin` amortizatsiyası, imarat ha`m qurılmalardı saqlaw; olardan paydalanıw; elektr energiyası; janılg`ıg`a qa`rejetler.

O`nimdi satıw boyınsha qa`rejetler, oraw, tara, transporta tasıw, skladta saqlaw, reklamanı esapqa alg`an halda belgilenedi.

3. Shıg`arılıp atırg`an o`nim ushın rejelestirilgen bahalar belgilenedi. Olardın` da`rejesi talap ha`m usınısta esapqa alıp belgilenedi. biraq baha xojalıq qa`rejetleri qaplawı ha`m da`ramattın` jeterli da`rejede ta`miynleniwi kerek.

4. Ku`tilgen da`ramat o`nim islep shıg`arıw jıllıq bag`darlaması ha`m bir danasın esapqa alg`an halda esap-kitaplar islenedi.

5. Kiristen tayanatug`ın ma`jbu`riy to`lemler ha`m tu`simnin` shama summası esap-kitap qılınadı.

6. Ku`tilgen balans da`ramatı anıqlanadı.

7. Salıqlar, to`lemler ha`m jıyımlardın` ulıwma summası anıqlanadı.

8. İsbilermenlik proektin a`melge asırıwdan kelgen sap da`ramat esap-kitap qılınadı.

9. Sap paydanı esapqa alg`an halda proekt analizlenedi. Eger esap boyınsha payda alınbasa ha`m onın` ko`lemi normadan kem bolsa isbilermenlik proektin a`melge asırıw maqsetke muwapıq bolmaydı, bunda isbilermenlik ideyasının` jan`a kontseptsiyasın islep shıg`ıw ha`m onın` ekonomikalıq-texnikalıq tiykarlanıwın o`tkeriw kerek.

Bazar ekonomikası jag`dayında kishi ha`m orta biznestin` rawajlanıwı rezervlerdi anıqlawdı talap etedi. Sebebi olar isbilermenliktin` rawajlanıw bag`darların anıqlawg`a xızmet etedi.

Oqıwshılardın’ juwapları tın’lanadı ha’m analizlenedi.

4. Jan’a temanı bekkemlew.

Kishi biznes sub`ektlerinde finanslıq qarjılardı basqarıwdın` sho`lkemlestiriwshilik du`zilisi qanday? Usı sorawdan temanı bekkemlewde paydalanıw maqsetke muwapıq. Toparlarg’a 2 minuttan waqıt beriledi ha’m pikirleri tın’lanadı.

5. Sabaqtı juwmaqlaw ha’m bahalaw.

Aktiv qatnasqan oqıwshılar bahalanadı ha’m jurnalg’a ra’smiylestiriledi.

6. U’yge tapsırma.

1. O’tilgen temanı u’yreniw ha’m qaytalaw.

2. Temada keltirilgen kesteni ha’r ta’repleme u’yreniw ha’m tu’sinikke iye bolıw.

Juwmaqlaw

Ha`r qanday ekonomikanın` tiykarında pul qa`rejeti jatadı. Sebebi islep shıg`arıw ju`zege kelip atırg`an eken, a`lbette finans ta tuwrıdan-tuwrı ju`zege keledi. Ha`mmemizge ma`lim ekonomikalıq o`siwdin` tiykarg`ı sha`rti bul finans funktsiyalarının` qa`liplesiwi bolıp esaplanadı. Finans arqalı o`nim bolg`an pul fondları na`tiyjeli isletiliwi kerek- bul degen so`z materiallıq ha`m miynet resursların kerekli bag`darda sarplaw kerek degeni bolıp tabıladı. Finans o`z funktsiyaların anıq finanslıq qurallar arqalı orınlaydı ha`m bul qurallar finanslıq resurslardın` quramın sho`lkemlestiredi. Finanslıq resurslar islep shıg`arıwdı ken`eyttiriw ushın pul qa`rejetleri bolıp xızmet qıladı. Amortizatsiya fondı ha`m paydadan pul qa`rejetler investitsiya ushın xızmet qıladı. Olardı arttırıw islep shıg`arıw quwatların ko`beyttiriw degen.

İnvestitsiya resurslarının` kemeyiwi bolsa ekonomikalıq o`siwinin` pa`seygenliginen bildiredi.

Finans resursları ekonomikanı ku`tilmegen waqıyalardan, ma`selen, ta`biyiy apatlar yaki du`n`ya bazarı bahasının` pa`seyip ketiwinen qorg`aydı.

Finanslıq resurslar pul tu`rinde bolıp, bul pullar ekonomikada a`meliy ta`sir etiwi ushın a`lbette materiallıq ta`repten ta`miyinleniwi kerek. Yag`nıy toplang`an pul artında kerekli materiallıq o`nimler bolıwı sha`rt.

Finanslıq o`z funktsiyaların orınlawda finans qurallarınan paydalanadı. Bul qurallarg`a to`mendegilerdi ko`rsetiwimiz mu`mkin:

Amortizatsiya, payda, aktsiya kursı dividenti, salıqlar to`lemleri, qamsızlandırıw haqı, bajı haqı, subsidiya, dotatsiya, kompensatsiya sıyaqlı solar qatarına kiredi. Olardı ha`zirgi waqıtta finans resursların quraydı. Olar arqalı xojalıq finans jumısına ta`sir etiwi mu`mkin.

Ka`rxanalardın` finanslıq resursları arasında payda tiykarg`ı orın tutadı. Sebebi payda sap da`ramat sıpatında ekonomikalıq o`siw orayı esaplanadı. Onın` esabında tek sap investitsiya fondı ba`lki ha`r tu`rli rezerv ha`m qamsızlandırıw fondları sonday-aq sotsial fondlar sho`lkemlestiriledi.

Finanslıq resurslar bul ha`m milliy da`ramattı bo`listiriw ha`m qayta bo`listiriw na`tiyjesinde xojalıq ju`ritiwshi sub`ektler ha`m ma`mlekettin` qolındag`ı ol yamasa sol waqıtta bolg`an pul da`ramatları ha`m jamg`armalarının` jıyındısı bolıp esaplanadı. Aytıp o`tkenimizdey, finanslıq resurslardın` ko`lemi ha`m quramı islep shıg`arıwdın` rawajlanıwı da`rejesine onın` na`tiyjeliligine tuwrıdan-tuwrı baylanıslı. İslep shıg`arıw masshtabları qansha iri, onın` na`tiyjeliligi joqarı bolsa finanslıq resurslardın` ko`lemi sonsha u`lken boladı. O`z gezeginde islep shıg`arıwg`a qaratılg`an finanslıq resurslar onın` o`siwin ha`m jetilistiriwge sha`rt-sharayat jaratadı.

Finanslıq resurslardın` o`siwine ma`mleket milliy da`ramattın` o`siwine ta`sir etiwshi ba`rshe faktorlar finanslıq resurslardın` da o`siwine ta`sir ko`rsetedi. Olarg`a to`mendegiler kiredi:

1. İslep shıg`arıw ko`lemi ha`m na`tiyjeliliginin` asıwı;
2. Fond sıyımının` kemeyiwi;
3. Miynet o`nimdarlıg`ı;
4. Fond qunının` asıwı;
5. Fond penen qurallanıwının` jaqsılanıwı.

Ma`mleket byudjeti finanslıq diziminin` tiykarg`ı zvenosı esaplanıp o`zinde da`ramatlardı ha`m qa`rejetlerdi birlestiriw ma`mleket pul qa`rejetlerinin` oraylastılılg`an jamg`arması bolıp, o`zinde finanslıq resurslardı ta`riypleydi ha`mde olar ha`reketi arqalı resurslardı jıynawg`a ha`m qa`rejet qılıwg`a alıp keledi.

Finanslıq resurslar a`hmiyetine qarap ekige bo`linedi. 1. Mikroresurslar yamasa oraylastırılmag`an finanslıq resurslar. Olar ka`rxana, firma, kompaniya, kontsern, sho`lkem, ja`miyet birlespeleri arasında bolıp xojalıq sub`ektlerinin` o`zine tiyisli yaki olar qarızg`a alg`an pul qa`rejetlerinen ibarat boladı.

2. Makroresurslar- bul oraylastırılg`an finanslıq resurslar ulıwmama`mleket masshtabında payda bolg`an Olar byudjet esabınan yamasa byudjetten tısqarı fondlar esabınan payda boladı ha`m ma`mleket ıqtıyarında turadı.

Salıqlar ha`m salıqsız to`lemler ma`mleket byudjetinin` da`ramatları bo`liminde maqsetsiz fondlar sıpatında tu`rlenedi. Birinshiden, salıqlarg`a ma`mleket siyasatı reformalarının` da`slepki da`wirindegi ku`shli qa`siyetlerden ka`rxanalar islep shıg`arıw jumısın qoshametlew maqsetinde bir qatar salıqlar boyınsha stavkalardın` pa`seyttiriliwi o`zgerttirilgenligi menen, ekinshiden, xojalıq ju`ritiwshi sub`ektlerinin` basım ko`pshiliginde salıq nızamshılıg`ın jaqsı bilmegenligi sebepli salıq ob`ektlerinin` jasırın ha`m salıqlardı to`lewden bas tartıw jag`dayları ushırap turadı. Salıqlardın` finanslıq resursları sıpatındag`ı roli ma`mleket ekonomikalıq siyasatı mazmun-ma`nisine tikkeley baylanıslı. Sonı aytıp o`tiw kerek, ma`mleket byudjetinin` da`ramatların tu`rlendiriw finanslıq resurslar eki tu`rli maqsette ko`rsetiledi. Maqsetli fondlardın` byudjeti da`ramatlardan salmag`ı jıldan-jılg`a asıp barmaqta. Sonı aytıp o`tiwimiz kerek, finanslıq resurslar tek ma`mleket masshtabında sonday-aq territoriyalar arasında da bar. Ha`zirgi ku`nde territoriyalardın` finanslıq resursları o`z waqtında tu`rleniwi ushın bir qatar jumıslar alıp barılmaqta.

Bazar qatnasıqları rawajlanıp atırg`an ha`zirgi waqıtta bir qatar ka`rxana ha`m sho`lkemlerdin` eksport imkaniyatları asıp barmaqta. Sonın` ushın da jergilikli ha`kimiyatlarının` ma`mlekettin` sırtqı ekonomikalıq, jergilikli ha`kimiyatları byudjetinen tısqarı valyuta fondların sho`lkemlestiriw huqıqın beriw bul fondtı isletiw nızamlı tiykarın payda etiwi lazım.

## Paydalanılg`an a`debiyatlar


1. Karimov İ.A. . Mustaqil Wzbekistonning davlat siosati insanıylik va ezgulik qonunlariga asoslanadi. // Wzbekiston mustaqillikka erishish ostonasida. / İ.A. Karimov. - T.: „Wzbekiston" NMİU, 2011.g.
2. Karimov İ.A. Wzbekiston dunyo xaritasida wziga munosib joy oldi. // Wzbekiston mustaqillikka erishish ostonasida. / İ.A. Karimov. — T.: „Wzbekiston" NMİU, 2011.
3. «Tadbirkorlik twg`risida» Wzbeksiton Respublikasi Qonuni. 1991 yil., 16 fevral`.
4. «Korxonalar twg`risida»gi Wzbeksiton Respublikasi Qonuni. 1991 y. 16 fevral`.
5. «Kichik va xususiy tadbirkorlikni rivojlantirishni rag`batlantirish twg`risida»gi Wzbeksiton Respublikasi Qonuni. 1995 yil, 21 dekabr`
6. «Wzbekiston Respublikasida tadbirkorlik va tadbirkorlik faoliyatinining kafolatlari twg`risida»gi Wzbekiston Respublikasi Qonuni, 1999 yil, 22 yanvar`.
7. S. S. G`ulomov «Tadbirkorlik va kichik biznes asoslari» T. ToshDAU, 1998 y.
8. Tileubergenov Sh, Nazarbaev O, Tileubergenov R. «Agroekonomika ha`m agrobiznes tiykarları» No`kis. 1998 j
9. A. Vahobov, N. Jumaev, U. Burxanov «Xalqaro moliya munosabatlari» Toshkent moliya instituti, - T.: «Sharq», 2003 yil, 400 bet.
10. Vahobov A. V. Wzbekiston Respublikasida xalqaro kafolatlarni qwllash masalalari. «Xalqaro iqtisodiy munosabatlarni rivojlantirishda soliq mexanizmi» Xalqaro ilmiy-amaliy konferentsiya materiallari. Soliq va bojxona organlari akademiyasi, Toshkent - 2002 yil.
11. Tojiev R. R., Jumaev N. X. «Markaziy bankning monetar siesati» Uqun qullanma. T.: TDUİ. 2002 y.